

VWA SIY LAN



Rete kanpe jis pou kèk moman nan Prezans Seyè a. Annou li nan Pawòl Li, nan Egzòd, chapit 4 la.

... *Moyiz reponn li epi di: Men, gade, moun yo ka refize kwè m, yo ka pa koute sa m gen pou m di yo a: Yo ka di m se pa vre, SEYÈ a pa t kras parèt devan w.*

Epi SEYÈ a mande l: Kisa ou gen nan men w la? . . . li di: Yon baton.

Epi SEYÈ a di l: Jete l atè. Epi li jete baton an atè, epi li tounen yon koulèv. Lè Moyiz wè sa, li pran kouri.

SEYÈ a di Moyiz: Lonje men w bese pran koulèv la nan ke. Epi li lonje men l, li pran koulèv la nan ke, lamennm, koulèv la tounen baton ankò nan men Moyiz:

Pou yo ka kwè SEYÈ a, Bondye zansèt yo, Bondye Abraham lan, Bondye Izarak la, Bondye Jakòb la, te parèt devan w.

SEYÈ a di l ankò: Mete men w sou lestonmak ou. E li mete men l sou lestonmak li: e lè li te wete men l, men li te kouvri ak lalèp blan tankou lanèj.

SEYÈ a di l: Mete men w sou lestonmak ou ankò. Moyiz mete men l sou lestonmak li ankò. Lè l wete men l sou lestonmak li, men li te menm koulè ak rèz kò li.

E li pral rive, si yo pa vle kwè w, ni tande vwa premye siy lan, ke yo va kwè vwa dezyèm siy lan.

E li pral rive, si yo pa vle kwè w, pa kwè de siy sa yo, ni yo pa vle koute vwa w, w a pran ti gout dlo nan larivyè a, w a vide l atè: Lamennm dlo a ke w pran nan larivyè a va tounen san sou. . . tè sèk la.

² Annou bese tèt nou pou lapriyè. Kounye a si w gen yon rekèt, aswè a, ke w ta renmen fè Seyè a konnen, jis leve men w epi di: “Seyè, sonje m kounye a. M gen bezwen.”

³ Papa nou ki nan Syèl la, n ap apwoche Ou ankò aswè a, nou reyalize ke antan nou bese tèt nou nan direksyon pousyè a kote nou soti, e, si Ou tade, nou pral retounen ankò nan pousyè a. Men avèk yon espwa beni pwomès la ki nan Kris, ke tout sa yo ki nan Bondye Kris va mennen avè L. Nou—nou remèsye Ou pou pwomès gloriye sa. E mwen priye, Bondye, ke Ou va sonje chak sa yo ki leve men yo, pa m lan tou, Seyè.

⁴ M priye, aswè a, nan moman kote lafwa ap diminye a, ke Ou va bay moun yo yon tèt fwa aswè a, ke Seyè Jezi a va vin sitelman reyèl pou nou chak, ke p ap gen yon sèl moun fèb nan mitan nou apre aswè a. Se pou chak pechè reyalize ke li nan Prezans Seyè

Jezi a, epi li va repanti pou peche l yo, epi ba Ou kè li, epi li va ranpli ak Lespri a, nan dènye jou move sa yo, kòm nou wè l tankou yon gwo lonbraj k ap trennen sou tè a.

⁵ Nou priye, Bondye, pou gidans Divin, aswè a, pou pale a ak pou tandè a. Se pou Sentespri a pran reyinyon sa kounye a epi brize Pen Lavi a pou nou chak selon bezwen nou, paske nou mande li nan Non Li. Amèn.

Nou mèt chita.

⁶ Mwen gen konfyans ke aswè a nou pral kapab akonpli sa ke n ap eseye fè moun yo wè, reyalyte a—a pou gen lafwa nan Bondye.

⁷ Bon, demen apremidi a dezè edmi, nou pral priye pou tout sa yo ki gen kat pou lapriyè. Epi pou nou sèten ke nou pa bliye pèsonn, ki pa gen kat pou lapriyè, chak swa nou distribye kèk kat pou lapriyè. E li pral distribye yo ankò demen, anviwon . . . Mwen sipoze, anviwon inè edmi oswa yon bagay konsa, jis anvan reyinyon an kòmanse. E tout sa yo ki dezire ke yo priye pou yo, nenpòt nan byenneme nou yo, kite yo vini epi pran yon kat pou lapriyè. Yo pral—pral sètènman byenvini pou yon kat pou lapriyè. E nou pral . . .

⁸ M vle priye pou moun yo, pou ap poze men sou yo epi priye pou yo. Bon si lafwa w pa ka leve nan Prezans Seyè Jezi a epi resevwa L kòm Gerisè w, e ou jis kwè ke si nou ta priye epi poze men sou ou, ke sa ta ede, ebyen, nou sètènman isi a pou fè nenpòt bagay ke w dezire.

⁹ Rezon ki fè mwen mete l pou pita, jouk pita, se pou ke tout moun ke m te kapab, ta ka arive epi jwenn Bondye sou baz sa yo. E nou pa genyen twòp. Genyen . . . Bilding lan pa gwo, e kifè nou pa gen twòp moun. E nou ka pran demen apremidi epi priye pou tout sa nou genyen isi a, n ap konsakre apremidi a nan objektif sa, pou priye pou malad yo.

¹⁰ E nou isi a pou fè nenpòt bagay ke nou kapab pou rann lavi a yon ti kras pi miyò pou ou, aleje chay la, nan vwayaj sa ke n ap fè a.

¹¹ E alò nenpòt ki lè, ke nenpòt moun santi ke—ke yo ta renmen vin jwenn Seyè Jezi a, kèlkeswa pati nan sèvis la k ap dewoule a, vini la menm. Pa rete tann jouk apèl a lotèl la fèt. Pa rete tann jouk yo bay envitasyon an. Vini la menm, aksepte Kris, epi avanse drèt epi konfese Li la menm. Paske se objektif prensipal nou ki fè nou isi a, se pou wè nanm ki fèt nan Wayòm Bondye a.

¹² E bon, demen se dimanch, e pral gen lekòl dimanch, nan legliz yo. Rezon ki fè nou gen sèvis nou yo nan apremidi a, nan dimanch, se pou nou pa entewonp okenn sèvis ditou. Nou kwè ke chak Kreytyen ta dwe gen yon—yon legliz lokal kote pou yo ale. Chak Kreytyen ta dwe reyini yon kote ak kwayan yo. E nenpòt kote nou reyini, sa se legliz.

13 Bon, si m te abite isi a, mwen t ap manm nan youn nan legliz sa yo isi a, ke pastè sa yo isi a, k ap kolabore, reprezante. Poukisa? Paske yo chita isi a sou lestrad la, pou ke tout moun wè yo, ke yo apwouve sa k ap fèt la. Yo kwè nan tip ministè sa, gerizon Divin, batèm Sentespri a, e latriye. Yo isi a ap bay temwayaj sou li. Yo te sila ki te envite m pou vin isi a, pou ke petèt ministè ke Seyè a ban mwen an ka ede kongregasyon pa yo.

14 Bon sa se yon vrè pastè, k ap chache tout avantaj esprityèl ke li kapab, tout bagay Bondye ap fè, ke l ap eseye fè sa k pi byen pou ede legliz li pou avanse pi devan pou Bondye. Mwen sètènman wete chapo m an admirasyon pou yon pastè konsa.

15 E mesye sa yo te dwe fè sa anba difikilte, tou. Ou ka kwè sa pou laverite. Yo te oblije fè l anba difikilte. E mwen—mwen sètènman rekonesan pou gran zòm Bondye sa yo, ki vle pran plas yo ak pòs devwa yo sou konviksyon yo, e—e yo kwè. Se pou Bondye toujou beni yo!

16 E mwen sèten ke y ap fè nou byen. Bon, si w se yon etranje isi a, chèche konnen ki kote frè sa yo gen legliz yo, kote yo ye. Vizite yo demen. Yo pral gen sèvis espesyal, e gen minis isi a ki pral pale nan diferan legliz, e jan sa te anonse. Kifè al ladan yo demen.

17 Epi demen apremidi, si ou ta renmen vini nan dènye sèvis la, nou ta sètènman kontan ke w la. Tout legliz, tout denominasyon, se pou tout moun. Tout moun byenvini: Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis, legliz de Kris, legliz de Dye, Katolik, Jwif Òtodòks, ate, kèlkeswa sa w ye a. Nou se... Ou envite.

“Ou di: ‘Ate?’” Wi, mesye.

18 Si yon ate vin nan reyinyon an epi li chita epi li konpòte tèt li byen, li jis byenvini tankou nenpòt lòt moun. Se vre. Yon bagay, se pou sa nou vle l isi a, ke gen yon bagay ki ta ka fèt ki ta ede l wè erè li, epi li ta vin jwenn Seyè a. Paske nou... Sètènman.

19 Konbyen moun ki janm li ti vizyon an ke magazin Òmdafè Kreyen yo te pibliye a, e mwen kwè kèk maga-... nan, *Gade Lòt Kote Rido Tan An?* Bon sa se vre, zanmi. Ou pa ka pèmèt ou rate sa. Mwen—mwen te yon moun diferan depi lè sa. Mwen konnen ke li reyèl, kifè mwen—mwen—mwen jis gen konfyans ke okenn nan nou p ap rate gran Syèl sa ke Bondye genyen pou kwayan yo. Si ou fè sa, kisa w akonpli isi a sou latè? Paske, ou pa konnen ki lè ou pral oblije kite mond sa. Men ou konnen yon sèl bagay, asire w ou pral oblije kite l. Kifè si sa se vre, alò èske nou pa tap pi fou pou—pou ap eseye jwenn jis menm jan... Nou pa ka pèmèt nou pran okenn kalite chans. Ou wè, jis sonje, kwè Pawòl Bondye ak chak pwomès ki nan Li.

20 Jis panse, ki sa ki te lakòz chak maladi, chak kè sere, chak lanmò, chak pwoblèm, chak lapenn, ti pitit sa ki gen latranblad la, tout bagay sa yo, enfim yo, avèg yo, chak lopital yo dwe bati? Paske yon moun te jis pat kwè yon sèl ti pati nan Pawòl la. Se te

Èv. Satan te jis kouvri l ba li. Pa site l, men kouvri l ba li, li te di: “Sètènman . . . Seyè a twò bon.”

²¹ Nou sitèlman tande y ap di jodi a se, Bondye se yon bon Bondye. Li se yon bon Bondye, men sonje Li se yon Bondye ki sen, yon Bondye ki pa ka inyore peche. Pèn lan te peye, e ou dwe akseptè l sou baz Li yo. E sonje, Li se yon Bondye ki konn fache, yon Bondye kolè. E ou pral kanpe devan yon Bondye fache, pa jis yon Bondye ki gen bonte ak mizerikòd. Aswè a Li se Sovè w; Jou sa Li va Jij ou.

²² Kifè asire w ke w pa neglije anyen, zanmi. Sa—sa p ap . . . Sa pa rapòte anyen. Piga—piga w jis ale je fèmèn ladann. Asire w, asire w de fwa, paske w pa gen yon lòt chans. Sa se sèl chans ou, pandan w isit la sou latè. Sonje nonm rich la ak Laza.

²³ Gen yon gwo abim ant oumenm avè L, ke okenn nonm pat janm travèse, ni p ap janm travèse. Ou wè? Lè w—lè w mouri, sa regle kesyon an. Mwen konnen gen moun ki pretann ke yo priye pou fè w soti nan plas sa yo, men pinga w janm kwè sa. Sa kontrè a Pawòl Bondye a. Ou wè? “Kote pyebwa a panche, se kote sa l tonbe.” E Jezi di, Limenm, ke, “Te genyen yon abim, ke, lè yon nonm te mouri epi li t ale nan lanfè, li pat kapab (janmè) vin nan Syèl. Pa gen okenn nonm ki janm travèse l, e li pa tap janm travèse l.” Sa regle kesyon an, an otan ke m konsène. Kan Jezi te di ke se te sa, sa te regle.

²⁴ Kifè jis sonje, se chans ou kounye a, e aswè a ka dènye opòtinite w.

²⁵ Èske w ta ka janm sezi sa k ap pase? Si w ka jis wè l! M espere ou pa panse ke lè m ap pale konsa, ke m ap eseye enfliyansè w pou gade a yon nonm, oswa kwè yon nonm. Se pa sa m ap fè, zanmi. M ap eseye fè w kwè nan Prezans Kiyès nou ye kounye a. Jezikri, Bondye menm ki va jije w nan Jou sa, Li isi a ap idantifye Tèt Li nan prezans ou, bagay la menm ke Li te pwomèt Li t ap fè nan dènye jou sa yo.

²⁶ Mwen panse ke Frè Price, maten an nan dejene a, te bay yon bèl pòtrè pou montre ke lè nou rive nan yon kwen, lè sa nou dwe tounen nan kwen an. Èske nou te renmen sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Wi, Sètènman. Sa te trè, trè byen plase.

²⁷ Bon, kifè sonje, pafwa nan kwen an, men ann sonje nou dwe tounen nan kwen sa yo. Mwen te preche sou sa, yon fwa, e m te rele l: *Wout Ki Kwaze Yo*. Nou konn rive nan yon wout ki kwaze, detanzantan, nou dwe ale nan direksyon sa epi nan diferan direksyon.

²⁸ Bon aswè a, pandan kèk pwochen minit yo, m vle pale sou—sou sijè: *Vwa Siy Lan*. E kounye a sèn nou an louvri, aswè a, nan Liv Egzòd la, e *egzòd* vle di “soti; fè soti.” Kounye a eseye koute osi byen ke nou kapab.

²⁹ Mwen ta renmen preche pou nou kèk fwa, nou se yon sitèlman bèl oditwa, men m jis pa gen vwa. Jis yon ti fòse sou li, e mwen konn kisa k ka fèt. Mwen dwe repoze m yon ti kras kounye a, pou apeprè uit oswa dis jou, anvan m kòmanse pwochen reyinyon an. Ou wè, se pa jis sèl reyinyon sa isi a. Se reyinyon, jou apre jou, semèn apre semèn, mwa apre mwa, ane apre ane, ou wè, epi ou ka imajine w.

³⁰ E panse a tout fwa yo, ane apre ane, pa janm gen yon sèl fwa Li te janm di anyen ke sa ki te pafètman, egzakteman laverite; nan tout lang, atravè lemonn antye, sèt fwa. Ou wè? Pèsonn, okenn kote, pa ka di lòt bagay ke sa te akonpli alalèt pafètman, egzakteman, chak fwa. Lè Li di yon sèten bagay pral rive, li te rive jis egzakteman nan fason sa. Li konn anonse l plizyè semèn e plizyè mwa, e plizyè lane, menm, anvan sa rive, e sa toujou rive pafètman alalèt. Pa janm fayi yon fwa, e li p ap janm fayi, paske se Bondye. Bon, mwen ka fayi, antan ke òm. Pa janm gade sou mwen pou yon egzantp, paske mwen—mwen jis tankou nou, jis yon pechè lòt sove pa gras. Men sa se Bondye, sinatirèl la, ou wè, k ap idantifye Tèt Li. Li pa oblije fè sa, men Li te pwomèt Li t ap fè l.

³¹ Jezi te fè gerizon pou akonpli Pawòl la. Li te fè bagay sa yo pou Pawòl Bondye a te ka akonpli.

³² Se nan objektif sa L ap fè li jodi a, pou Pawòl la, ke m ap site ba ou swa apre swa, te ka akonpli.

³³ Bon remake alò lè Prezans Li tou pre, Li, sètènman, Li pote emosyon. Kòm mwen te pale maten an: “Nenpòt bagay ki san emosyon mouri.” E tout relijyon ki pa gen emosyon ladann, ou ta fè mye antere l, li mouri. Sa mennen emosyon. Li vivifye nou. Men lè nou vivifye, ann sonje Kisa k te vivifye nou. Kisa k te fè l? Se Prezans Sentespri a, Jezikri nan mitan nou, k ap montre Limenm ke Li vivan. Pa yon kò fizik; lè lè sa, kò fizik sa retounen sot nan Syèl, p ap gen tan ankò. Se fini. Epi nou konnen ke nou ladann, noumenm k ap viv nan dènve jou yo, lè bagay sa yo dwe pran plas.

Kounye a, Bondye te konn gen egzòd yo anvan. Genyen . . .

³⁴ Tout bagay mache an twa, avèk Bondye. Bondye pafè an twa. Premye vini Kris la, pou *rachte* Lepouz Li; dezyèm vini Kris la, pou *resevwa* Lepouz Li; twazyèm vini Kris la, *avèk* Lepouz Li, pou reye nan Milenyòm lan. Tout bagay mache an twa.

³⁵ Kounye a, te genyen, pral genyen, twa egzòd. Youn nan yo, Bondye te fè yo antre *nan* lach la, pou yon egzòd, pou navige anwo tè a. Pwochenn fwa a, Bondye te fè yo *soti* nan—nan peyi Lejip. Epi lòt fwa a, Bondye fè yo *monte*. Antre, *soti*, monte! Pwochen egzòd la se monte. N ap fè fas a youn kounye a, tan pou monte a.

³⁶ Se menm bagay la ak lavi. Nou antre *nan* lavi, nou *soti deyò* lavi, nou *leve* vivan nan lavi, jis egzakteman menm bagay la. Kifè nou se . . .

37 Sèn nou louvri aswè a sou egzòd, e Bondye t ap prepare pou pran nasyon L lan.

38 Izrayèl se yon nasyon. Bondye pa trete ak Izrayèl kòm yon endividi. Izrayèl se yon nasyon, Li toujou trete yo konsa. E nan dènye jou yo, apre depa Legliz la—la, alò Bondye va sove Izrayèl kòm yon nasyon. Li nan patri a kounye a, pare pou sa. E yo va sove, Bib la di: “Yon nasyon pral fèt nan yon jou.” Bondye pa trete ak Jwif yo kòm yon endividi. Li trete avèk yo kòm yon nasyon, Izrayèl, toujou, paske se nasyon Li.

39 E men Li k ap prepare pou fè nasyon Li a soti nan yon nasyon, nan yon egzòd, pou fè pèp Li a evite yon jijman.

40 E menm dlo sa yo ki te nwaye mond lan, te sove Noe. Ou wè? E menm Sentespri, ke moun yo rejte jodi a, pral pran Legliz la epi anlve L, epi pote jijman sou sila yo ki pa kwè Li.

41 Jezi te di, lè yo te rele L “Bèlzeboul,” nan lòt mo, Li te “yon divinò,” yo . . . Li te di: “M ap padonnen nou pou sa,” (Fis de lòm lan, sakrifis la pat fèt.) “men lè Sentespri a va vini pou fè menm bagay la, yon sèl mo kont Li p ap janm padonnen ni nan mond sa ni nan mond k ap vini an.”

42 Yo dwe rejte Li, e lè sa jijman frape apre sa. Ou wè, pwoblèm lan se nou . . .

43 Sa fè m panse a yon istwa ke m te li yon fwa, sou yon ansyen maren ki te vin sot nan lanmè, ak yon—yon jèn powèt angle ki ta pral nan lanmè a. E konsa powèt la te ekri anpil bagay sou lanmè a, men li pat janm wè l, kifè li te sou wout li pou ale. Epi vye maren eksperimante a di li, avèk pip bèk won li nan bouch li, li di: “Kote w prale, vanyan gason mwen?”

44 Li di: “Mwen pral desann nan lanmè a.” Li di: “Mwen pat janm wè l. Mwen ekri sou li, ak sa lòt moun di, men,” li di: “o, mwen sitèlman kontan m konnen m ap apwoche bò lanmè a.” Li di: “O, pou pran sant dlo sale l yo! Pou wè gran kalòt blanch li yo eklate sou tèt li, ak syèl ble a ki reflète tèt li, epi tande mwèt yo alòske y ap vole anlè li, o, mwen kontan ak lide pou wè l!”

45 Vye maren eksperimante a di: “Mwen te fèt sou li, swasant lane de sa, mwen pa wè anyen ki sitèlman bèl apwopo sa.” Ou wè, li te sitèlman wè l jouk li te vin komen pou li.

46 Bon se sa ki pwoblèm lan ak legliz Pannkotis la jodi a. Li sitèlman wè nan Bondye, jouk Bondye vin komen pou yo. Piga nou janm kite sa fèt!

47 Isi a sa pa fè lontan, nan Louisville, Kentucky. Kote m soti Jeffersonville, Indiana, se lòt bò rivyè a. Yon dam t ap mache nan yon magazen a bon mache. Epi li te . . . te gen yon ti gason nan bra l, e li t ap mache bò etajè yo epi li te vin isterik. Li te pran yon bagay, montre l bay ti gason an; li te jis chita epi li t ap gade fiks. Li t ale sou yon lòt kontwa, pou pran yon bagay epi montre l bay ti gason an; misye te jis ap gade fiks. Epi apre yon moman,

li te pran yon ti klòch epi kòmanse sonnen l, e ti gason an te jis ap gade fik. Epi li te kòmanse rele, epi te voye men l anlè. Epi moun nan magazen dis santim yo t ap gade l, kifè yo t al kote l pou wè ki pwoblèm ki te genyen.

48 Li di: “Mwen genyen . . . Ti gason m lan,” li di, “li gen twazan sèlman.” Epi li di: “M. . . Toudenkou, sa fè anviwon yon lane, li pran chita epi jis fikse nan lespas.” Epi li di: “Mwen—mwen mennen l kay doktè,” epi li di: “e doktè a preskri l yon sèten tretman ak bagay sa yo.” Epi li di: “E doktè a te di m, jodi a, ke li te panse li fè mye. Men,” li di, “li pa fè mye.” Li di: “Mwen souke tout bagay devan l, ki ta dwe atire yon ti gason nan laj li, atansyon li. Tout bagay ki ta atire yon timoun piti nan laj li, mwen souke l devan l, epi li jis chita epi li gade fik nan lespas.” Li di: “Li pa fè mye.”

49 Sa se yon bagay tankou legliz Pannkotis. Bondye souke tout don, nan Bib la, devan yo, epi yo toujou chita epi gade fik nan lespas, jis tankou se te yon bagay ki mal. Li lè pou ke nou reveye, zanmi, anvan li vin twò ta. Sonje, Bondye pa souke don sa yo sof si L ap eseye atire atansyon w.

Bondye t ap mennen yon nasyon soti nan yon nasyon.

50 Jis tankou L ap fè kounye a, Li pral mennen yon Lepouz soti nan yon legliz, epi kite sou kote rèz posterite fanm lan. Yo pral mennen Eli yo soti nan legliz. Legliz natirèl la pral rete isi a nan tribilasyon an. *Eli* sa pafwa yo rele l “chwazi a, eli, rèz la.”

51 Ann gade kouman Li te fè l nan tan sa, paske Li pa janm chanje fason Li fè bagay yo. Bondye gen yon sèl fason pou fè bagay yo, e se fason sa Li fè l, e se bon fason an, toujou. Gade kouman Li te fè l, epi manyè Li te fè l, e lè sa nou ka gen yon apèsi sou sa.

52 Bon, mwen se yon tipolojis, sètènman. M pa gen okenn enstriksyon. Mwen dwe gade dèyè epi wè kisa Li te fè. E yo anseye nou ke “Ansyen Testaman an se te yon lonbraj bagay ki te dwe vini yo.” Kifè si m te gade isi a epi m pat janm wè men m, epi mwen te wè lonbraj men m, epi mwen te gen senk dwèt, Mwen t ap fè m yon bon lide ke lè men m t ap rive la, mwen te gen senk dwèt. Kifè sa k te pase yo se te egzanp sou fason Bondye fè bagay yo, fason Li fè l kounye a.

53 E fason Li fè l, Li pa janm chanje sa. Chak fwa, atravè Bib la, Li pa janm chanje fason Li fè bagay yo. Se menm bagay la kontinyèlman, paske premye fason Li fè li se fason pafè a. Paske, Li pa ka gen okenn lòt fason, paske Li pafè, e, Li, tout fason Li yo pafè. Gade ki jan Li te fè l.

54 Yo te rele epi òdone Moyiz davans pou pran travay sa ke li te ye, li te—li te pran an. Bondye . . .

55 Kounye a, m panse, si nou vle ekskize m pou sa . . . E mwen pa di sa san reflechi. M sèlman di, sou estrad sa, mwen—mwen pa

konnen anyen e mwen pa vle konnen anyen ke Bondye. Bon, m panse se la kote frè Lapli Dènye sezon nou yo te vin melanje, ou wè, yo poze men youn sou lòt epi fè yo pwofèt e latriye. Bon, sa pa selon Lekriti. “Apèl yo ak don yo san repantans.” Ou fèt nenpòt sa w ye a. Ou se sa w ye a, depi nan konmansman.

⁵⁶ Gade Farizyen sa yo nan tan lontan yo. Yo te gen jis yon ti kras limyè, paske yo te ka . . . te gen lalwa, e yo te viv dapre lalwa, men fon kè yo te osi nwa ke li te kapab.

⁵⁷ E te gen yon ti fanm, yon pwostitye, li . . . vi pase li *isi* a te osi nwa ke li te kapab, li te gen move renome, men nan fon kè l li te predestine pou gen Lavi.

⁵⁸ E alò lè Jezi, Pawòl la, te vini sou sèn lan, Farizyen sa yo te di: “Nonm sa se Bèlzeboul.” Kisa sa te fè? Li te nwasi ti limyè yo te genyen an.

⁵⁹ Jezi te di yo: “Nou soti nan papa nou, dyab la, e se zèv li ke n ap fè.”

⁶⁰ Men lè ti fanm enpi sa te vini, epi li te wè Pawòl Bondye a, li te konnen Li. Li pat viv Li, men li te konnen Li. E osito ke L te pale avè l, li di: “Mwen wè Ou se yon Pwofèt.” Epi Li . . . Li di: “Mwen konnen Mesi a pral fè sa.”

Epi Li di: “Mwen se Li.”

⁶¹ Kisa sa te fè? Li te netwaye nwasè a epi fè l tou blan. Poukisa? Te gen yon semans ki t ap poze la, yon semans predestine ki te nan . . . Se te panse Bondye anvan fondasyon mond lan.

⁶² Genyen yon sèl fòm Lavi Etènèl. Si w gen Lavi Etènèl, alò ou menm ou te nan panse Bondye anvan mond lan te kreye. Ou se yon atribi nan panse Li, paske Etènèl pat janm konmanse oswa pa janm ka fini. Ou se yon pati nan ekonomi Bondye, toujou. Sa jis ap reflekte. Sa ap pran fòm kounye a. Yo gen yon foto an plis pou devlope, sa se lanmò, lè sa negatif la vin pozitif, alò ou fè pati Lepouz la epi ou avèk Kris, jan Li te panse. Tankou mari ak madanm, jodi a, kifè Bondye, Kris ak Legliz la pral menm bagay la. Kounye a, eli yo, aple yo!

Moyiz te fèt, “yon timoun nòmàl.”

⁶³ Bib la di, ke, youn nan pwofèt yo, Jeremi, Bondye di: “Anvan ou te menm fòme nan vant manman w, Mwen te òdone w yon pwofèt pou nasyon an.”

⁶⁴ Jan Batis, ebyen, li te idantifye nan Lekriti. Ezayi, sèt sandouze lane anvan li vini, te di: “Li se vwa sila k ap rele nan dezè a, ‘Prepare chimen Seyè a!’” E anvwon katsan lane anvan li parèt, ankò nou jwenn, Malachi te di: “Gade M ap voye mesaje Mwen devan M, pou prepare chimen an devan Seyè a.”

⁶⁵ Ou wè, yo te preòdone li. E se konsa tout fonksyon sa yo nan Bondye te ye, si Bondye te rele yo.

66 Si se pa enstriksyon yo antre ladann, se sèlman chè a kanon, ou wè, li pa ka anyen lòt. Si se yon tikè manje, alò ou vann dwadenès ou pou yon tikè manje, ou pral fè konpwomi pou ale ak yon òganizasyon oswa kèk gwoup. Men si sa soti kote Bondye, w ap kanpe bò kote Pawòl sa, kèlkeswa, paske ou te fèt pou kanpe bò kote L.

67 Moyiz, pèsonn lòt pat ka pran plas li. Pèsonn lòt pat ka fè travay la. Li te òdone pou fè l.

68 E, frè m yo, sè, si w gen Lavi Etènèl, ou te òdone pou fè yon sèten bagay. Petèt yon bon fanm nan fwaye, petèt yon lòt bagay, men pèsonn pa ka pran plas ou. Bondye fè yon plas pou ou. Pa eseye pran plas yon lòt moun. Sa se imitasyon chanèl, ou wè, sa montre gen yon bagay ki mal avèk ou. Rete sa w ye a, jis egzakteman. Piga w vin anyen lòt.

69 Bon, kounye a nou wè ke Bondye te bay Moyiz siy yo pou pwouve reklamasyon ak apèl yo.

70 E chak vrè siy, chak vrè siy, ke Bondye voye, la . . . gen yon vwa dèyè li. Kounye a pa rate sa. Sa se dènye lesan m sou sa, ou wè. Chak vrè siy . . . Bon nou gen siy ki pa soti kote Bondye; Satan ka prèske imite nenpòt bagay ki genyen. Men yon vrè siy, ke Bondye voye, genyen Vwa Bondye dèyè li.

71 Bondye te di Moyiz: “Si yo pa kwè vwa premye siy lan, alò fè lòt siy sa devan yo. E alò si yo pa tandè sa, jis pran dlo epi vide l sou tè a.” E sa se te yon siy ke yo ta dwe tranpe la nan pwòp san yo.

72 Remake, epi jis menm jan ke Li te di: “Souke pousyè pye nou. Li va pi tolerab pou Sodòm ak Gomò, jou sa, ke li pral ye pou vil sa ki rejte nou an.”

73 Kounye a nou p ap fè *fwèt* legliz, sa se Legliz. Kris se Legliz. Nou nan Kris. Kò mistik Kris la, nou fèt Ladann. Ou pa ka rantre Ladann.

74 Mwen te avèk fanmi Branham lan depi prèske senkantsenk lane, e yo pat janm mande m pou rantre nan fanmi an. Mwen te fèt yon Branham.

75 E se konsa ou se yon Kretyen. Ou fèt yon Kretyen, ou pa rantre ladan l. Ou fèt ladan l. Tout moun pè nesans lan. Yo gen kèk bèl fason pwòp pou yo pran yon ti men, oswa siyen yon ti kat, oswa aspèje ak yon ti boutèy sèl ki gen dlo ladan l. Sa se pa nesans lan. Yon nesans se yon bagay òrib. Yon nesans se yon—yon bagay terib. Se pa pwoblèm mwen si se nan yon pak kochon, oswa yon—oswa yon etab, oswa nan yon chanm lopital dekore an woz; yon nesans se yon gagòt, epi li fè yon gagòt avè w. Ou pa vle abandone, ou pa vle *sesi*, *sela*, oswa *se lòt bò*, men dlo nan je yo pral lave penti a sou figi w epi fè w yon moun diferan. Si w ne de nouvo, li va yon dezòd soti nan ou, men ou pral vini yon nouvo kreyati. Ou wè? Yo pa vle sa. Yo vle kèk chemen fasil, ou konnen,

e pa gen chemen fasil. Kòm chante a, li di: “M ap pran chemen an ak kèk meprize Seyè a.” Li pa vle yon plant y ap pran swen.

Vwa Bondye swiv chak vrè siy Bondye.

⁷⁶ Bon si yon nonm bay yon siy nan yon peyi, oswa nenpòt lè, epi vwa sa ki pale dèyè sa se pa Pawòl Bondye a, alò siveye li, pa kwè li. Si kèk vye lekòl, si yon nonm leve epi li di, montre yon siy ki sot kote Bondye, epi alò ansèyman nonm lan se menm vye teyoloji ou te genyen diran tout lane sa yo, Bondye pat janm voye siy sa. Tounen gade nan Lekriti epi wè si li te konsa. Fouye Lekriti. Nèg la retounen, epi li di: “Bon nou tout vle rantre nan sa. Se yon zafè yo te etabli lontan.” Piga w kwè sa. Nou pral antre nan sa, jis nan kèk minit, ou wè. Non, pigaw kwè sa.

⁷⁷ Bondye toujou konfime siy Li yo. Siy ki soti kot Bondye fè toujou tandè Vwa Bondye.

⁷⁸ E si se menm vye lekòl la ou te genyen, poukisa Li ta bay yon siy? Ou deja ladan l. L ap eseye mete w nan kwen sa. Pano stop la! Ralanti! Gade kote w prale! Ou pral lage tèt ou nan yon fose nan kwen an si w pa fè atansyon. Gen yon koubyen pwononse, e toujou gen yon pano la anvan w fè koubyen sa, pou evite w fè kolizyon. Bon bès mason ki fè wout yo mete pano siyalizasyon yo. E n ap vwayaje sou yon wout pou n al nan Laglwa. E si siy lan pale de menm vye bagay la, li pat soti kot Bondye.

⁷⁹ Bondye bay siy yo pou atire atansyon pèp Li a. Siy yo se pou atire atansyon pèp Bondye a, se pou sa siy Bondye yo la. Siy Bondye yo bay pou atire atansyon pèp Bondye a.

⁸⁰ Bon isi a bwison adan an te siy lan pou atire pwofèt la, li t ap eseye, paske pwofèt la te kouri kite Bondye, epi Bondye bay bwison adan an pou yon siy. E li te wè siy etranj sa; li di: “M pral vire sou kote pou m wè kisa siy etranj sa ye, sa se yon—yon bwison k ap pran dife epi li pa boule.” Bon Bondye t ap atire atansyon pwofèt Li ki te kouri kite L. Li te ka jwenn yon lòt, men Li te òdone Moyiz pou travay la e pèsonn lòt moun p ap pran plas li.

⁸¹ Nan vwayaj la, kèk lòt moun eseye fè sa, ou konnen. Datan te leve epi te vle fè yon òganizasyon avèk sa. Bondye te di Moyiz: “Separe tèt ou. M pral jis vale yo.” Ou wè?

⁸² Bondye trete avèk yon endividi. Ou wè? Kounye a remake sa, Li t ap eseye atire atansyon pwofèt la, pou mete pwofèt la nan bon plas li, ou wè, epi Li bay siy bwison adan an.

⁸³ Epi, gade, Vwa ki te swiv siy lan te yon Vwa selon Lekriti. “Mwen tandè rèl pèp Mwen an, ak jemisman li yo, akòz chèf kòve yo, e Mwen sonje pwomès Mwen an.” Amèn. Se regle. “Mwen sonje pwomès la.” Sa se te yon Vwa selon Lekriti. “E mwen voye w laba. Mwen desann vin delivre yo, e Mwen voye w.”

⁸⁴ Sonje, Bondye pa fè anyen andeyò lòm. Nou konnen sa? Se sa ki achope moun yo. Ou wè?

85 Se sa k te achope yo konsènan Jezi. Yo te di: “Ou se yon Nonm, k ap fè tèt Ou Bondye.” Li te Bondye, men yo pat ka konprann sa. “Ebyen, Oumenm, Ou se jis yon Nonm.”

86 Li di: “Ebyen, nou rele pwofèt yo, ‘dye,’ e lwa nou an te rekonèt li. E si nou rele yo ‘dye,’ sila yo Pawòl Bondye a vin jwenn lan, ki jan nou ka kondane M lè M di Mwen se Pitit Gason Bondye?”

87 Ou wè, siy, pou atire atansyon. E, sonje, si yo atire atansyon an epi se menm vye litani an, se pa Bondye.

88 Men Bondye ap eseye atire pwofèt la kounye a, epi Li ba l yon siy, e Vwa a ki te swiv siy lan se te yon Vwa selon Lekriti. “Mwen wè pèp la. Mwen tandè kri yo. Mwen sonje pwomès Mwen.”

89 Kounye a Bondye pral pale pa Pawòl Li te pwomèt la. Li dwe voye pwofèt Li, paske Pawòl la vin jwenn pwofèt la. Bib la di, Bondye di, Limenm, ke “Li pa fè anyen jiskaske Li revele l bay sèvitè L yo pwofèt yo anvan.” Ou wè? E alò, yo bay siy lan, epi yo idantifye Ekriti a, sa se Vwa siy lan.

90 Èske nou wè Vwa siy Moyiz la? Premyèman, siy lan se te bwison adan an; Vwa a se te Lekriti.

91 Moyiz te pran sa kòm siy Li, e li te desann ann Ejip epi li te fè siy Bondye te di l fè a; e siy lan te gen yon Vwa ladan l, e pèp la te kwè epi yo te vin soti. E toutotan ke yo te mache, sa t ale byen pou yo; men lè yo te konmanse plenyen kont Vwa a, lè sa a yo te kanpe.

92 Sonje, Izrayèl te vwayaje. Èske nou te konnen ki distans yo te pakouri? Yo ta dwe. . . Yo te sèlman a swasannkat kilomèt, e yo te pran anviwon karant lane pou yo fè l. Poukisa? Se paske yo konmanse plenyen kont Vwa a ki te pwodwi siy lan. Ala yo pat konnen, lè yo t ap rele la bò lanmè a, epi yo t ap danse ann Espri, epi Moyiz t ap chante ann Espri, yo te sèlman jis gen kèk jounen pou mache. Men yo kòmanse plenyen, e yo te vle fè on bagay diferan; e yo te rete karantan nan dezè a, e yo te peri pou sa, se vre, paske yo pat kwè. Bondye di: “Yo p ap pale kont ou, Moyiz. Y ap pale kont Mwen.” Sa se te Vwa Bondye, se pat pa Moyiz.

93 Kounye a gade, Jewova pral pale dapre Pawòl Li te pwomèt la, kifè Li dwe voye pwofèt Li yo. Sa, si w vle wè sa, se nan Jenèz 15:16. Nou wè ke Bondye te di Abraham: “Semans ou pral rete nan peyi etranje sa, e Mwen pral fè yo soti ak yon men pwisan. Inikite Amoreyen yo poko rive nan dènye bout li.” Li te fè tout pwomès Li yo, men Li k ap atire pwofèt la, ak yon ti touf bwa wouj ak dife.

94 Bon si bwison adan an ta di: “Moyiz, Bondye se Bondye.”

“Wi, mwen kwè sa.”

95 “O, ou byen fè, Moyiz, jis kontinye. Ou marye ak yon bèl fanm; li se yon bèl timoun. Se sèten ou gen yon bèl pitit gason! Glwa pou Bondye!” Sa se menm vye lekòl la. Ou wè?

96 Men Li te prè pou fè yon bagay, kifè Li te dwe atire nonm lan. E Li te bay nonm lan de siy pou l manifeste, epi Li di: “Chak siy te gen yon Vwa.” Sa pwouve ke se konsa. Kounye a gade sa Vwa sa yo te pwononse, gen menm bagay ki te kreye. Jewova te prè pou pale kounye a.

97 Ankò, vini yon pwofèt se yon siy. Èske nou te konn sa? Vini yon pwofèt, pou aj la, se yon siy.

98 Bon, m p ap pale de yon Doktè an Divinite. M p ap pale de kèk pastè ki fidèl, de kèk bon moun. Yo se moun de byen. Yo se sèvitè Bondye.

99 Men yon pwofèt se yon siy. Bib la di sa isi a. E kisa siy sa ye? Se yon siy ke Pawòl Li prè pou L akonpli, pou L akonpli pa Vwa siy pwofèt sa.

100 Remake, vini yon pwofèt se yon siy ki avèti ke jijman an pwòch. Èske nou te konn sa? Jijman an pare pou frape si gen yon pwofèt nan peyi a.

101 Sonje, li dwe sètènman konfime, dabò, pa Bondye ak Pawòl pou jou sa, epi lè sa li fè siy lan. Epi lè sa gade siy sa, kisa li predi. Li di: “Si li rive pase, lè sa tande l.” Nonb 12:6. “Si li pa rive pase, bliye li.” Sa dwe yon siy selon Lekriti ke Li bay.

102 E sa Li bay pou yon siy, yon fwa, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Li bay menm bagay la kontinyèlman. “Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt yo.” Yo te Pawòl la. E lè Jezi vini, Li te Pawòl la. E Pawòl la te disène panse yo ak entansyon yo ki nan kè a, kontinyèlman, ankò e ankò. Kounye a gade.

103 Vini pwofèt sa, bay siy, ke “jijman an pwòch,” toujou.

104 Ann jis rete pou kèk minit. M p ap pran twò lontan. Ann jis pran de twa ka kounye a, pou apeprè dis minit. Epi rès mesaj la, pito, pou dis minit.

105 Noe, yon pwofèt sou peyi a—nan peyi a, yon siy jijman k ap vini an. Moyiz, yon pwofèt, nan peyi a, siy jijman k ap vini an. Eli, pwofèt nan peyi a, siy jijman k ap vini an. Jan, yon pwofèt nan peyi a, yon siy jijman k ap vini pou Izrayèl; yo te radye yo kareman.

106 Remake, siy lan! Kisa siy lan fè? Siy lan se pou atire atansyon, epi fè eli yo pare, epi fè yo soti sou wout la anvan jijman frape. Se sa Noe te fè, prepare eli yo. Pou rès yo, e kisa li fè? Siy lan, epi Vwa siy lan, kondane enkwayan an epi li fè l pare pou jijman. Li fè eli yo pare pou chape pou l yo. Se sa siy lan ye. Se pou sa yo bay siy yo, pou jijman ki pral vini an. Kanta eli yo, yo wè sa.

107 Tankou ti fanm lan ak yon kè pi, epi yon kò ki souye; e Farizyen an ak yon kò pi, epi yon kè ki souye. Sa te kondane youn, epi sove lòt la.

108 E jijman yo menm ki te sove Moyiz, te kondane mond lan; predikasyon li a.

109 Sa te fè eli yo pare. Poukisa eli yo pare? Lè yo wè yon siy Bondye voye, yo gade dèyè nan Lekriti pou wè si sa sipoze la. “Wi, men li.” Kisa sa ye? Jijman an kap tann. Alò eli yo koute Vwa a.

110 Men moun ki pa eli yo inyore sa, epi yo di: “Sa pa gen sans. Kontinye! N ap pran menm vye lekòl la.” Ou wè? Sa se konsa yo te fè nan epòk Luther. Sa se konsa yo te fè nan epòk Wesley. Sa se konsa yo—yo fè kounye a, fason yo toujou fè.

111 Men se yon siy, e li gen yon Vwa ki swiv siy lan. E Vwa a idantifye kòm yon Vwa selon Lekriti. Bon pa bliye sa. Kounye a kite sa byen antre, paske mwen ka pa janm wè nou ankò.

112 Mwen swete mwen te gen yon fason ke mwen te ka vin yon kote isi a epi rankontre tout frè m yo, lè yo pa gen okenn revèy k ap fèt, monte yon tant epi jis chita, jou apre jou, epi anseye bagay sa jouk—jouk li reyèlman antre byen fon. Men Li pa t ap pèmèt sa, mwen pa panse sa. Ou wè, nou two pwòch lafen an. Mwen kwè nou nan lafen an kounye a menm.

113 Nan kanè m lan la, kote m ekri nòt mwen yo. An 1933, yon maten, antan m t ap ranje m pou m t al lekòl dimanch, yon lekòl dimanch nan yon legliz Batis kote m te pastè, Sentespri a te desann epi montre m tan lafen an, epi Li te montre m sèt bagay ki ta gen pou rive. M te note yo. Se sou yon vye papye ki te fin jòn.

114 Li te di m egzakteman ki jan Almay ta bati Liy Siegfried sa, e ki jan Ameriken yo ta pèdi yon gwo batay ladan l, onz lane anvan yo te janm konstwi liy lan—lan.

115 Li te di ki jan Mussolini ta leve, e ki jan li ta ale nan Etyopi, e ki jan Etyopi ta “tonbe nan pye l.” E li ta mouri nan lawont, yo ta pann li tèt anba, epi pwòp pèp li ta krache sou li.

116 E mwen te di: “Genyen twa is: Kominis, Fasis, ak Nazis. Yo tout pral bout nan Kominis, nan Larisi.” E li pral Kat- . . . detwi Katolis. Gade si sa p ap fèt!

117 M te di: “Gen tèl pwogrè ki pral fèt!” Mwen te di: “Mwen wè otomobil k ap vin tankou yon ze, k ap desann sou wout la. Gen machin k ap desann sou otowout yo, ak yon jan de telekòmand, yo pa bezwen moun pou kondwi li. Mwen wè yon fanmi ameriken k ap jwe dam dèyè yon machin.” Yo gen machin lan kounye a menm, si yo te jis gen otowout yo pou yo mete l. Ti Volkswagen lan gen fòm yon ze pafè, jis egzakteman, e se menm bagay la pou tout lòt machin yo. Èske nou ta ka imajine, an 1933, kisa machin yo te sanble, konpare ak kounye a?

118 E alò Li te predi ankò, ke, yo t ap pèmèt fanm yo vote, e kisa yo ta fè. E ki jan peyi sa, ki se yon tip, tankou Izrayèl, antre nan yon peyi epi chase abitan yo, epi li eritye peyi a. E premye wa yo te genyen yo, David ak Salomon, se te wa ki gen krentif pou Bondye. Apre yon ti tan, yo te genyen yon Akab sou sèn lan. Yo

te vote pou li. Chèz la pral . . . legliz la te tonbe nan mondanite. E, nou te gen yon Lincoln ak yon Washington, gade sa li ye jodi a. Gade ki kote nou prale kounye a. Kote pwochen bagay la ye? Nou nan tan lafen an.

¹¹⁹ E sa se yon siy, ki nan natirèl la, jis egzakteman. Li fè eli yo pare; epi li kondane enkredil la, pou jijman.

¹²⁰ “Si pwofèt sa se yon vrè pwofèt, epi sa li di a rive vre,” Bib la di, nan Nonb 12:6, “tande avètisman l, paske li konfime se pa nonm lan.” Yon—yon pwofèt se yon nonm. Men Vwa ki soti nan siy sinatirèl la se yon Vwa selon Lekriti, li konfime, alò se yon avètisman.

¹²¹ Pwofèt yo te ekri Bib la, sonje. Nan 2 Pyè, tou, 1:21. Nan Ebre 1:1, tou.

¹²² Kolòn Dife a, pou Moyiz, se te siy lan, Vwa a ta pral pale. Kolòn Dife a te montre ke Vwa a ta pral pale. Sa se yon siy, yon Kolòn Dife. Nou menm moun yo nou dwe sonje sa k te rive nan Houston, sa pa gen lontan.

¹²³ Moyiz, yon pwofèt, yon siy pou Izrayèl, ke pwomès la te jis prèske pare pou l akonpli. Lè Moyiz vini epi li manifeste siy yon pwofèt, yo te konnen la menm li t ap rasanble yo ansanm.

¹²⁴ Ala Pawòl Bondye a pafè, byen regle, chak fwa se menm jan an. Menm jan m te di l yè swa, ki jan Urim Thummim lan, ak tout bagay, te toujou reponn bay Bondye.

¹²⁵ Ann pran yon pwofèt ankò, jis yon moman, Jonas. Mwen te refere a premye chapit Jonas la isi a la, premye chapit pwofesi l la. Jonas te soti nan vant balèn lan, se te yon siy. Ou wè, moun yo te payen. Yo te adore dye lanmè a, epi dye lanmè yo a se te yon balèn.

¹²⁶ Bon anpil moun ap eseye kondane Jonas. Mwen te toujou pran pou Jonas. Jonas pat soti andeyò volonte Seyè a. “Se Seyè a ki òdone pa moun ki jis la.” Nou renmen di: “Li se yon Jonas.” Men annou jis pran sa dapre . . . sa li vo, pou yon fwa. Mwen konnen li te sipoze ale Niniv, men Bondye te fè li pran bato sa ki ta pral Tasis. E Li te fè pwoblèm vin sou lanmè a.

¹²⁷ Jonas di: “Mare men m ak pye m. Se mwen sila ki nan pwoblèm, sila ki te lakoz li.” E yo te jete l deyò. Epi yon pwason t ap naje nan dlo a, yon gwo pwason ki te vale Jonas. M konnen se difisil pou lasyans pou kwè.

¹²⁸ Isi a sa pa fè lontan, nan Louisville, Kentucky, sa fè apeprè dizan, yo te mete yon—yon balèn blayi sou yon—yon vagon pla. E te gen yon ti Ricky la, ki te gen plis entelijans pase li te konnen kijan pou kontwole. Li t ap eseye fè Bib la bay manti. Li di: “Ou konnen, ou tande ansyen pwovèb Bib sa, ke balèn lan te vale Jonas.” Li di: “Gade, ou pa t ap kapab fè yon boul pase nan gòj li, li te sitèlman piti. Kijan pou yon nonm granmoun te ka antre

nan vant li?” Li di: “Ou wè, se jis yon vye pwovèb, menm jan Bib la chaje avèk yo.”

129 Sa te twòp pou panse mwen—mwen. Mwen di: “Mesye, m ta renmen di yon bagay la.”

Li di: “Kisa w gen pou di?”

130 Mwen di: “Ou wè, ou pa li Bib la byen.” Mwen di: “Bib la di sa se te yon balèn espesyal. ‘Bondye te prepare yon gwo pwason.’ Sa te bati yon fason espesyal, pou vale l, sa te pèmèt li te fè l! Se pat yon pwason òdinè. Bondye ta pral fè yon travay inabityèl, kifè Li te gen yon pwason inabityèl.” Ou wè? Li pat di plis sou sa lè sa a. Kifè, la, Bondye te gen yon bagay espesyal.

131 Tankou yon tifi, yon fwa, ki te sot nan tabènak la; ti cheve l yo te penyen sou dèyè, epi lis, ase jouk ti figi l te sanble ak yon zonyon kale. Li te jis gen yon Bib, antan l t ap mache.

132 Granmoun sa a ki te rele Jim Dorsey te rete nan Utica. Li te yon enfidèl, yon ansyen sòlda, e—e li pat kwè nan Bondye. Epi li di: “Ki kote w prale, jèn dam?”

Li di: “M pral lakay mwen, mesye.”

Li di: “Kisa w ap pote nan bra w la?”

Li di: “Se yon Bib.”

Li di: “Ou pa kwè sa, se vre?” Epi li . . .

Li di: “Wi, mwen kwè li, mesye.”

133 Epi li di: “Èske w kwè istwa sa bò isi a la konsènan balèn lan ki te vale Jonas?”

Li di: “Franchman, se sèten, mwen kwè chak Pawòl ladan l.”

134 Li di: “Kijan w pral pwouve sa nenpòt lòt fason si se pa pa lafwa, sa w rele lafwa a?”

“Ebyen,” li di, “lè m rive nan Syèl, m a mande Jonas.” Ou wè?

Li di: “Alò e si li pa la?”

135 Li di: “Alò se ou ki pou mande l.” Kifè m te panse se te yon trè bon redrèsman. Kifè m panse ke sa te byen tonbe.

136 Si Bib la di ke Jonas te vale balèn lan, mwen t ap kwè l. Li te kapab prepare li. Sa Bondye di, Bondye kapab akonpli l, e Li toujou kenbe Pawòl Li. Kifè, Jonas, nou pase li nan rizib . . .

137 Men èske w te janm remake? Yon pwason lè l ap naje, l ap chache manje li. Epi alò lè li manje, li desann drèt nan fon an epi li repoze ti najwa l yo nan fon an. Nouri pwason wouj ou a epi gade sa k pase. Yo plen ti vant yo, epi yo desann e yo mete najwa yo drèt sou fon an, epi yo kouche la epi yo repoze.

138 Ebyen, gwo pwason prepare sa te vini epi li te vale pwofèt sa. Epi li te desann nan fon lanmè a, e petèt a swasantkenz mèt nan pwofondè la. Li te desann byen fon, pou l repoze l nan fon lanmè a.

¹³⁹ Bon nou toujou ap panse sou Jonas. E tout moun di: “Bon yo te priye pou mwen, men men m pa pi bon. Yo te priye pou mwen, men m pa santi m pi byen.” Piga nou janm pale kont Jonas.

¹⁴⁰ Kounye a gade sentòm li te genyen yo. Bon, dabò, li te deyò sou yon lanmè ak van tanpèt, epi li pat nan komisyon ke Bondye te voye l fè a. Men l ak pye l te mare. Yo te voye l jete nan yon lanmè ak van tanpèt, ki ajite, epi yon balèn te vale l epi li te plonje desann nan fon lanmè a. E li t ap layite la nan vomi an, nan vant balèn lan, alg antoure kou li. E si li te gade sou bò *sa*, se te vant balèn lan. Si li te gade sou bò *sila*, se te vant balèn lan. Tout kote l te gade, se te vant balèn lan. W ap pale de yon ka sentòm, se sa ke l te dwe genyen. Men ou konnen kisa l te di? Li te di: “Yo se manti ki pa vo anyen. Mwen p ap gade yo ankò, men yon lòt fwa ankò m ap gade tanp sakre W la.”

¹⁴¹ Paske, Salomon, yon nonm natirèl sou latè, ki te priye pandan dedikas yon tanp, li te di: “Seyè, si pèp Ou a gen pwoblèm nenpòt kote, epi li gade nan direksyon plas sakre sa, lè sa a tande nan Syèl la.”

¹⁴² E Jonas te gen lafwa nan lapriyè Salomon te fè a. Epi Bondye te delivre l nan vant balèn lan, apre twa jou e twa nwit. Li dwe te mete yon tank oksijèn nan fon an la. M pa konnen kisa Li te fè, men Li te kenbe l vivan pandan twa jou e twa nwit, dapre Pawòl la. E Pawòl la gen rezon.

¹⁴³ Ebyen, si Jonas, nan sikonstans sa yo, te ka gade ankò vè tabènak la ke yon nonm te bati, konbyen plis nou menm avè m, aswè a, ta dwe gade vè Tanp la kote Jezi kanpe sou bò dwat Majeste a, avèk Pwòp San L, ap fè entèsesyon sou baz konfesyon nou, pou ti sentòm nou yo! Pa kondane Jonas, epi w ap gade a pwòp pwoblèm pa w yo. Gade a pwomès la: “Bondye di l!” Si w se pitit Abraham: “Bondye di l!” Li fè pwomès la, epi se regle.

¹⁴⁴ Remake, tout moun yo te deyò a ap fè lapèch, epi rale filè yo ak lòt bagay. Apre yon ti tan, men dye lanmè a ki monte, balèn lan, l ap prese vin nan direksyon plaj la. Tout moun tonbe sou jenou yo. Bondye konnen ki jan pou fè bagay yo. E li te file drèt sou plaj la epi li te pouse lang li sot deyò, e, lè l te fè sa, men pwofèt la ki t ap mache soti dwat nan bouch balèn lan. Pwofèt la! Dye yo a vomi pwofèt la drèt sou plaj la. Se pa etonan yo te repanti. Ou wè?

¹⁴⁵ Sa se te yon siy. Balèn lan ki te delivre Jonas la, se te yon siy. Kisa li te fè? Sa se te yon siy ki soti kote Bondye. Kisa Vwa a te di? “Repanti nou, sinon n ap peri nan karant jou.” Siy Bondye a; Vwa Bondye a! Toujou, lè Bondye voye yon siy, Bondye voye Vwa Li deyè siy sa. Remake: “Repanti nou, sinon nan karant jou tout vil sa nèt pral peri.”

¹⁴⁶ Jan, pwofèt la, te parèt sou tè a, apre katsan lane san yon pwofèt; parèt li te parèt apre katsan lane a te yon siy. Ti tan mò sa!

147 Kounye a si w espiyèl w ap sezi sa m ap di a. Se pou Bondye louvri konpreyansyon w. Konbyen tan sa te fè?

148 Katsan lane, Izrayèl te san yon pwofèt, legliz yo te sitèlman tòde, epi men Jan ki vini sou sèn lan. Jan te pwofèt la, yon siy ke Mesi a te pral pale apre l. Gade. Paske, Malachi 3 di: “M ap voye mesaj Mwen devan M, pou prepare chemen an, prepare moun yo.”

149 Gade Jan, pa gen okenn egoyis nan li. Li pat janm pran okenn glwa. Yo te eseye rele l Mesi a; men li te di: “Mwen pa diy pou m ta demare lasèt soulye L.”

150 Men osito Jezi te parèt, Li te gen yon siy, yon Kolòn Dife, yon Limyè anlè Li, tankou yon kolonm ki desann ak yon Vwa ki di: “Sila a se Pitit Gason byenneme Mwen, nan Li Mwen pran plezi.”

151 Remake, epi Jan di imedyatman: “Li dwe ogmante. Mwen dwe diminye.” Li te prezante Legliz la bay Kris. Amèn.

152 Yo te di nou ke, nan dènye jou yo, sa pral repete ankò! Pral gen yon Mesaj k ap vini, ki pral prezante Mesi a bay moun yo. E sa pral fèt yon tèl fason, ke yo pral rete bèbè jan yo te fè l lè sa a. Li pwomèt sa. Pwochen chapit Matye a, Malachi a, pale nou de sa. Gade.

153 Yo te poze kesyon sou sa. Nati Jan te idantifye li a espri Eli a. Kounye a remake de pwofèt yo.

154 Kounye a, Eli te yon nonm ki te leve nan yon tan Izrayèl te nan yon dezòd.

155 Akab te wa. E tout fanm yo te imite Jezabèl, e pwobableman yo te koupe cheve yo nan fòm tèl dlo ak tout bagay, pwobableman jan nou genyen l jodi a. E tout te ale dèyè Jezabèl. E pastè yo te panse ke se byen. “Lese yo trankil. Lese yo fè l.”

156 Epi nan moman sa, Bondye te fè yon nonm soti nan dezè a, ki te rele Eli. Nou pa menm konnen ki kote li soti. Li pat gen okenn lekòl pou idantifye l. Men li te leve, e li te kondane tout bagay sa yo. Li te kondane tout sistèm lan.

157 Si li ta vin sou sèn lan, jodi a, li t ap kondane sistèm pa nou an tou.

158 Li te kondane chak Jezabèl. Epi, lèfini, se li ki te lakòz pwofèt la krake. Li te pran kouri, tankou Jan; li te kouche anba pye jenè a lè Jezabèl te pral touye l. Li te rayi l.

159 Epi nou wè ke lè Jan te vini, soti nan dezè a ankò, se te youn ki renmen dezè, ak yon mesaj dirèk pou fanm modèn yo k ap viv divòse epi marye, epi remarye, li te taye bagay la an miyèt moso. Li pat janm soti nan okenn lekòl. Li te soti kot Bondye, yon nonm Bondye te voye. E li te kondane fanm modèn yo, kont yo menm byen di, e li pat janm vale mo pou yo. Men li te di klèman lè a te rive, Mesi a te pral pale. Gade sa.

¹⁶⁰ Kounye a konpare tan premye vini Eli a avèk kèk nan pwofèt modèn sa yo jodi a, ki kite Jezabèl pa yo koupe cheve yo, epi pote bout shòt, fimen sigarèt, nenpòt bagay yo vle fè, dirije yo la a. Li ta pi bon pou pa di anyen, l ap kite l, pou l pran yon lòt. Y ap dirije yo ak kredo lòm fè; sa se yon wont, doktrin lòm fè. E, nan fè sa, yo rann kòmandman Bondye yo san efè, paske yo ka manm legliz epi toujou deklare yo se Kreyen, epi kenbe dwa yo epi di yo se Kreyen, epi kontinye. Se sa yo vle. Se sa yo te fè lè sa a.

¹⁶¹ Men, sonje, se nan yon tan konsa, kòm Bondye te pwomèt nan Malachi 4, ke Li tap akonpli Pawòl la ankò. Se vre. Gade kote nou ye jodi a, jis jan l te ye nan tan Jan an, jis jan l te ye nan lòt epòk yo.

¹⁶² Gade vye ti Amòs sa ki te parèt, yon vye ti kanmarad. Nou pa konnen ki kote l soti. Li te yon gadò mouton. Bondye te mennen l nan patiraj mouton ak patiraj bèf yo, epi, epi antrene l. E lè li rive Samari, e lè li te leve epi li te rive sou tèt kolin sa jou sa, li te gade anba. Epi solèy sa te klere sou tèt chòv li a, ak pwal blan sou figi l yo, epi je l yo te fiks epi yo t ap klere. Li te plise je sen l yo, pa poutèt espektak yo ke touris yo te wè antan yo t ap antre ladan l, paske tout vil la te lage kò yo nan peche.

¹⁶³ Ki moun li ye, ti enkonni sa? Wi, se Amòs, pwofèt la. Li te pwofetize nan tan Jewoboram De, yon wa pèfid, ki lese moun yo fè nenpòt bagay. Tout sakrifikatè yo te dakò avèk sa. Yo te bati legliz ki pi bèl yo. Yo te gen rad ki pi bèl yo. Fanm yo te imoral. Yo te abiye nenpòt jan yo vle. Touris yo te soti tout kote, pou vin wè bèl tifi yo ak fason y ap konpòte yo.

¹⁶⁴ Jis yon lòt Etazini modèn, ki te sipoze pèp Bondye. Pèsòn pa di anyen sou sa. Li sanble tankou gen yon priz sou moun yo. Ken- . . .

¹⁶⁵ Sa fè dizuitan kounye a, jodi a! Rebekah m lan gen dizuitan, jodi a. Sa fè dizuitan, mwen travèse peyi sa, m ap kondane bagay sa yo. E lè m retounen, ane apre ane, gen plis fanm ak cheve koupe ke te genyen premye fwa m te konmanse a.

¹⁶⁶ Yon gran predikatè Pannkotis popilè, te mennen m nan yon sal, sa fè anviwon yon lane de sa, yon nonm de byen, byen popilè atravè mond lan. Li te di mwen. . . “Frè Branham, kite m poze men sou ou epi priye pou ou.”

Mwen di: “M pa malad.”

¹⁶⁷ Li di: “Men gen yon bagay ki pa mache.” Li di: “Frè Branham, w ap kraze ministè w. Pèsòn p ap kolabore. Se pa etonan predikatè yo p ap kolabore avè w; se fason w kondane fanm yo.” Li di: “Moun yo rele w yon pwofèt.”

Mwen di: “M pat janm di m se youn.”

¹⁶⁸ Li di: “Men yo panse se sa ye.” Li di: “Mwen kwè menm bagay la.” Li di: “Yo te rele w pou w priye pou malad yo.”

Li di: “Priye pou malad yo epi kite fanm yo trankil. Ou blese santiman yo.”

Mwen di: “Kouman?”

169 Li di: “W ap pale de yo k ap koupe cheve yo ak bagay sa yo.”

Mwen di: “Sa se mal.”

170 Bib la di: “Yon fanm ki—ki koupe cheve l, mari l gen dwa repidyè l, divòse avè l.” Se egzakteman sa. “Li dezonore tèt li.” Se sa Bib la di. Bon m pa konnen si w renmen sa ou non, men se sa Bib la di, nan Premye Korentyen.

171 [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . sere jouk po a soti deyò. Epi alò yo—yo vini alantou, yo di: “Ebyen, Mesye Branham, sa se sèl kalite rad yo vann.”

172 Yo toujou vann materyèl ak machin a koud. Pa gen okenn eskiz. Fanm Amish yo ak Dunkard yo toujou mete yo sou yo. Sèten. [Kongregasyon an bat bravo—Editè a.]

E kisa k pase? Yo soti deyò a la epi y ap mal konpòte yo.

173 Yon fanm di: “Ebyen, Mesye Branham, mwen pa mete bout pantalon. Mwen mete s- . . .” Kisa yo ye, pantalon twa- . . . [Yon frè di: “Pantalon twaka.”—Editè a.] Wi. Li di: “Se sa yo m mete.”

174 Mwen di: “Sa pi mal.” Mwen di: “Bib la di ke ‘Se yon abominasyon pou yon fanm mete yon rad ki pou yon gason.’” E ki kalite espektak degoutan Lèzetazini sa ye kounye a! Ou wè? Se vre.

175 Kite m di w yon bagay, sè. Ou ta ka pi menm jan ak yon lis, pou mari w oswa mennaj ou, men nan Jou jijman an ou pral reponn poutèt ou te komèt adiltè. Jezi di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm, pou l konvwate l, li deja komèt adiltè avè l.” Si pechè sa te gade w, epi li gen pou reponn nan Jou jijman an. Ou te prezante tèt ou ba li. Aji jan w vle. Èn-en.

176 Poukisa yon fanm ki sen ta vle abiye konsa? Answit ou pretann ou gen Sentespri a paske w te pale an lang epi w te kouri monte desann nan sal la. Sa, menm si, mwen wè payen yo fè sa, Endijèn yo. Sentespri a se pite, sen, pa souye. Sètènman.

177 Nonm sa di: “Si ou se . . . Yo kwè w se yon pwofèt. Poukisa w pa anseye yo ki jan pou resevwa gran don espiritiyèl, e ki jan pou fè bagay pou Bondye? Poukisa w pa anseye yo sa si w se yon pwofèt?”

178 Mwen di: “Kouman mwen ka anseye yo aljèb alòske yo pa menm vle aprann ABC yo?” Nou konnen sa ABC vle di? “Toujou Kwè Kris.” Èn-en. Ki jan w pral fè sa? Ou wè, ou vle monte anwo nèt la, olye pou konmanse anba *isit la*.

179 Bondye ap bati Legliz Li sou fondasyon Jezikri a, e sa se Bib la. Andeyò sa, tout lòt teren se sab k ap bouje. Bondye pa chanje. Nati Li pa chanje.

180 Li te fè fanm yo diferan de gason yo, epi gason yo diferan de fanm yo. Li te abiye yo diferan, epi Li vle yo rete konsa. Ou wè? Fanm yo vle sanble ak gason yo, epi gason yo vle sanble ak fanm yo. O la la! Ala yon pèvèsyon! Se. . . E tout bagay la nèt, sanble sa gen yon anpriz sou moun yo, e ou pa ka chanje sa. Li sanble ak yon gwo mons, yon gwo nwasè; si nou konprann sa m ap pale a, sou plan espiyite. Yon mons te ponyen yo, e yo—yo jis pa kapab debarase yo de li; twòp Hollywood, twòp televizyon, twòp lòt istwa san sans. Tout sa nou genyen polye. Se pa etonan: “Si travay la pa vin kout, poutèt Eli yo, p ap gen okenn chè k ap sove.”

181 Ou di: “Mwen pat janm konnen sa anvan.” Ebyen, kounye a ou konnen sa, depi kounye a. Ou wè? Sa se. . . M fè mye rete sa. Ann retounen. Remake.

182 Jan te yon siy. Epi sonje ke, fason Bondye te fè l premye fwa a, se konsa L ap fè l ankò. Li te pwomèt li. Bon, Bondye pat janm itilize yon gwoup moun, nan nenpòt ki lè, pou bagay konsa.

183 Sonje, te gen yon gwoup yon fwa, ke, yon gwo gason yo te rele Akab, li te posede poutèt li yon. . . li te posede poutèt li katsan pwofèt Izrayelit. Bon, yo pat pwofèt payen. Katsan pwofèt Izrayelit. Yo tout te gen diplòm yo ak tout bagay, yo te gen yon gwo lekòl.

184 Te gen yon nonm pye yo te rele Jozafa, ki te wa nan Jida, epi li te ale laba a. E men kote yon kwayan te vin melanje ak yon enkwayan. Bagay yo te ale mal.

185 Epi li di: “Ramòt Galarad. . .” Kounye a gade sa, konbyen sa kapab vre. Li di: “Ramòt Galarad ki anwo a la, se pou nou li ye. Pati ki anwo a la nan peyi a, se pou nou.” Jozye, lè l te divize teritwa yo, te bay Izrayèl sa. E Filisten yo, payen yo, te vini epi yo te rache l nan men yo. Li di: “Sa se pou nou.”

186 Kounye a gade ki jan, fondamantalman, moun yo ka gen rezon e poutan yo rate li. An reyaltite bagay la te pou Izrayèl. Men tout pwomès Bondye yo, frè, se sou kondisyon, ou wè, “Si yo mache devan Seyè a.”

187 Kounye a gade isit la. Li di: “Èske w vle monte avèk mwen, epi ede m pou m rebran teritwa sa? Ebyen, se ke, pitit Filisten sa yo ap plen vant yo laba a, ak ble a ki pou Izrayèl.” Sa kòrèk dapre Lekriti. Li di: “Ède m monte anwo a pou m pran yo.”

188 Li di: “Ebyen, pa m. . .” Se la li te fè yon erè san reflechi: “Cha mwen yo se pou ou, mesye m yo se menm bagay ak pa w yo. Mwen pral avèk ou.”

189 Epi Jozafa kòmanse panse, ou konnen. “Tande, èske nou pa ta dwe konsilte Seyè a sou sa anvan nou ale?”

190 “O, natirèlman,” Akab di, “sètènman. En-en. Ekskize m. Mwen—mwen ta dwe panse a sa.”

“Èske pa gen yon pwofèt yon kote?”

191 “O, sèten. Mwen gen—mwen gen yon—yon seminè ki ranpli avèk yo isit la, se pi bon ke w te janm wè. Yo tout pote rad ki pi bèl yo. Yo se entelektyèl ki pi byen fòme yo. Mwen edike yo, avèk presizyon. Nou pral chache yo.”

192 Kifè yo t ale laba a. E yo tout te rasanble. Yo pat ipokrit. Yo te priye sou priye, epi priye jouk yo te wè yon vizyon.

193 Alò yo monte. Epi youn ladan yo te fè pou tèt li de gwo kòn an fè. Li di: “Avèk sa ou pral chase Filisten yo, oswa Asiryen yo—yo, fè yo kite peyi a.” Li di: “ENSI DI SEYÈ A. Monte, Seyè a avè w.” Chak ladan yo, alò, nan yon sèl akò, te tonbe ann espri. Pwofèt Izrayelit yo di: “Monte, Seyè a avè w.” (Ou di: “Èske sa selon Lekriti?”) “Bondye te bay pèp la eritaj sa, epi se lènmi an ki genyen l. Ou gen dwa ale chache l.”

Bon, Pannkotis yo, mwen vle nou tire yon leson isi a.

194 Men, Jozafa, antan ke yon nonm ki sen, li di: “Gen yon bagay ki yon ti jan mal ankò.” Li di: “Èske w pa gen yon lòt anplis?”

195 “Youn anplis, apre katsan pwofèt byen antrene ki kanpe isi a?” Te gen otan ke sa yo ki chita nan etaj anba isi a. “Yo te kanpe nan yon sèl akò, pou di: ‘ENSI DI SEYÈ A.’ Repran l, epi yo di: ‘Jozye ban nou teritwa a. Se pou nou li ye. Al chache l!’”

196 Men Jozafa te mande yon lòt. Li di: “Èske pa gen yon lòt moun nou ka konsilte Seyè a avè l?”

197 Li di: “O, gen yon lòt ankò, men,” li di, “mwen rayi l.” En-en, en-en. Li di: “Li se Miche, pitit gason Imla a.” Li di: “Mwen rayi l. Li toujou ap di move bagay sou mwen.”

Li di: “Piga wa a pale konsa. Al chache l.”

198 Alò yo te voye kèk konmisyonè laba. Epi kèk ladan yo te di: “Bon, Miche, m vle di w yon bagay. Bon, ou konnen yo te ekskomine w, . . . -minye w nan asosiyasyon an, sa pa fè lontan, paske ou toujou ap di moun yo move bagay. Kounye a si w vle yo reba w kat asosiyasyon an, di menm bagay avèk yo, epi, o, y ap akeyi w ak bra yo tou louvri.”

199 Men li te rive ke li te reyèlman yon pwofèt. Li di: “Kòm Seyè Bondye a vivan, m ap di sèlman sa Bondye mete nan bouch mwen.” O! Ke Bondye beni nonm lan. Li di: “Ret tann jouk aswè a, e m va wè kisa Seyè a va di m.”

200 Nan demen maten, li di: “Monte, men mwen wè Izrayèl gaye tankou mouton ki pa gen bèje.” Answit li te pran vizyon li an epi li te konpare l ak sa Eli te di, sa ki te rive Akab. Ki jan Li ta ka beni sa ki te madichonnen? Pe enpòt konbyen . . .

201 Nou se yon nasyon sen. Legliz Pannkotis, Batis, ak Metodis, e latriye, se yon Legliz Kreyèn, men ki jan ou ka beni sa Bondye madichonnen? “Se pa pwoblèm pa m,” ou va di, “mwen—mwen se manm *si*. Mwen te fè *si*.” Sa pa gen anyen pou wè avèk sa. Gade sa nou fè. Gade Pannkotis yo, ki jan yo leve baryè yo. Gade

kisa nou te konn abitye ye, epi gade kisa nou ye kounye a. Se pa etonan, je yo se, je yo avèg.

202 Alò limenm, Akab, . . . Sakrifikatè sa te ba l yon kalòt nan bouch li. Epi li di: “Mete l,” epi Akab di, “mete l deyè a la nan prizon anndan an. Lè m tounen ak kè poze, m va regle ak kanmarad sa.”

203 Li di: “Si jamè w tounen, Bondye pat pale avè m.” En-en? Ou wè? Men te gen yon pwofèt la a, men te gen yon siy la a; men te gen Vwa Li la. E sa te pote jijman si yo pat obeyi L.

204 Sentespri a se pwofèt nou jodi a. Ou ta manke tande Vwa L? Li idantifye nan Lekriti, ke Li tap di bagay sa yo. Jezikri, sou fòm Sentespri a!

205 Bondye te trete ak sèl nonm sa a. Sa a, Bondye pa janm trete avèk gwoup; se avèk yon sèl moun. Eli pat yon gwoup. Jan pat yon gwoup. Yo pat yon gwoup oswa yon denominasyon, ni youn nan yo. Men toulede te kondane yon bagay konsa. Se vre. Jan te di: “Piga nou panse vin di nou gen Abraham kòm papa. Bondye kapab ak wòch sa yo leve pitit pou Abraham.”

206 E siy pou tan lafen an ap gen yon Vwa pou tan lafen an. E siy pou tan lafen an pral konfòm ak sa ki predi nan Bib la. Epi Vwa pou tan lafen an, ki swiv siy pou tan lafen an, pral idantifye egzaktman nan Lekriti, se pral Lekriti ki te pwomèt la.

207 Kounye a nou li nan Lik 17 kisa siy pou tan lafen an ta dwe ye, li ta dwe tankou jan l te ye nan Sodòm, yon pwomès. E nou gen Sodòm nan sans natirèl la, poukisa nou pa ka kwè siy lan nan sans esprityèl isi a? Si nou ka wè Lèzekriti, tou, Lik 17 se siy lan, epi Malachi 4 se Vwa a. Siy lan se te kòm Bondye ki manifeste nan lachè, ki te konnen sekrè ki nan kè a; epi Vwa Malachi 4 se te pou elwaye moun yo de kredo yo, pou yo tounen nan Fwa papa yo. Sa se siy lan.

208 Ou konn ou bagay? M ap fini kounye a. Dabitid yo aksepte siy yo, sèten; men, Vwa a, o, non. Vwa a ki swiv siy lan, yo pa vle gen anyen pou fè avèk sa. Wi.

209 Siy Jezi, kòm Mesi, pou geri malad yo, yo te aksepte sa. Men yon jou Li di: “Mwen menm ak Papa a nou se Youn.”

210 O la la, yo pat aksepte Vwa sa. Yo di: “Ou fè Tèt Ou Bondye, egal ak Bondye.”

Li di: “Mwen se Pitit Bondye.”

211 “O la la, kouman Bondye ta ka gen yon Pitit Gason?” Ou wè? “Sa lwen Bondye pou L ta gen yon Pitit Gason!”

212 Men, ou wè, yo te kwè nan siy lan—lan, malad yo te ka geri, e, o, se te bèl bagay, se te jis fòmidad. Men konsènan Vwa a, yo pat vle kwè Vwa a. Ki sa yo te fè? Yo te mete L deyò.

213 E ou konn ki sa? Bib la di nou, nan Apokalips chapit 3 a, nan Laj Legliz Lawodise sa, ke yo t ap fè L menm bagay la. Li te sou

deyò legliz la. Sa se Pawòl manifeste a. Li te Pawòl manifeste a. Li toujou Pawòl manifeste a.

214 Si ou ka kwè nan siy Sodòm lan, nan Lik, si ou ka kwè sa, alò poukisa ou pa aksepte Vwa nan Malachi 4 la? Ou wè, poukisa ou pa fè l, ou menm? Yo ka konfime L. Sèl fason li ka fèt se . . . Yo ka pwouve siy lan, men ou dwe aksepte Vwa a.

215 Yo te komisyon Moyiz pou l ale laba a, nan domèn natirèl, e li te jwenn yon siy espirityèl epi li te rele pèp la pou tounen nan pwomès papa yo.

216 Malachi 4 se pou mennen moun yo “tounen nan Fwa papa yo.” O, retounen, bò moun pa nou yo, noumenm ki avèg e ki gaye toupataou!

217 Antan m ap fini, m ap di sa, dènye kòmantè sa. Pwofèt la di: “Pral gen Limyè nan aswè.” Gade, li di: “Ta gen yon jou ke yo pa ta ka rele ni lajounen ni lannwit.” Kounye a tandè. M ap fèmen. “Pral gen yon jou . . .” Kite sa antre byen fon, e se pou Bondye mete l nan tout kè nan kominote sa, aswè a, nan oditoryòm sa. Pwofèt la di: “Ta gen yon jou ke yo pa ta ka rele ni lajounen ni lannwit, tankou yon jou makab, ki gen lapli, yon jou bwouya. Men,” li di, “nan aswè, ta gen Limyè.”

218 Kounye a, sonje, solèy la toujou leve nan Lès epi l ale nan Lwès. Sivilizasyon an swiv solèy la. Nou konnen sa. E, remake, menm solèy ki leve nan Lès la se menm solèy la ki kouche nan Lwès la. Bon, sivilizasyon vwayaje egzakteman ak solèy la, jouk kounye a Lès ak Lwès rankontre. Nou sou Kòt Lwès la; Lès ak Lwès.

219 E, sonje, Levanjil la swiv menm trajè a. Li te parèt nan Lès, ak vini Seyè Jezikri a, S-o-n lan, pa s-u-n lan. S-o-n lan, Pitit Bondye a, te parèt nan Lès, pou moun ki nan Lès yo.

220 E kounye a te gen yon jou kote moun yo fè tèt yo manm legliz, yo te kreye denominasyon yo, jis ase limyè pou wè: “Ebyen, nou pral gen yon legliz. Nou pral bati *sesi*. Nou pral bati yon lekòl. Nou pral bati yon lopital. Nou pral bay lenstriksyon. Nou pral gen yon semine.” Yo te gen ase limyè pou fè sa.

221 Men, sonje, Bib la te di, pwofèt Seyè a, nan Bib la, ki se MEN SA SEYÈ A DI: “Menm solèy sa ki te klere nan Lès la va klere ankò nan Lwès, nan tan aswè a. Pral gen Limyè nan tan aswè a.”

222 Kisa Li tap fè? Li ap fè egzakteman sa Li te di nan Lik chapit 17 la. “Nan tan lafen an, lè Fis de lòm lan va revele nan menm fason ke Li te ye nan Lès la, menm Pitit la k ap klere a, menm Pwisans lan, menm Sentespri a, menm Bagay la k ap fè menm bagay la. Pral gen Limyè nan tan aswè a.”

223 Menm solèy ki vwayaje a; menm S-o-n lan te vwayaje; Li desann nan Lès, apati de Pòl; Li te sote ale an Almay, sou Martin Luther; Li te sote ankò, sou pwochen soti Li; epi Li te pati bò kote sa pou ale an Angletè, kot John Wesley; Li te sote travèse

Oseyan Atlantik la, pou rive Ozetazini, nan Lapannkot; e kounye a Lapannkot ap efase tèt li, epi nou sou bò Kot la.

²²⁴ Yo chak, yo te fòme yon denominasyon, jis menm jan yo te fè depi nan kòmansman an, yo te fè yon òganizasyon ke Bondye te modi. Pannkotis yo, ak tout lòt yo, te fè sa.

²²⁵ Men Li te di: “Pral gen Limyè nan tan aswè a. Pral gen yon siy ki va parèt nan tan aswè a.” Piga nou manke L, zanmi. Piga nou manke L. Kounye a, menm Pitit la va bay menm Limyè a. Menm s-u-n lan va bay menm limyè s-u-n lan. Menm S-o-n lan va bay menm Limyè S-o-n lan.

²²⁶ Bon, sa se pa deklarasyon pa m. Tout moun isi a, ki konnen Bib la di sa, leve men nou. [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a.] Se egzakteman sa.

²²⁷ Kounye a, ou kapab, sa depann de ou. Kwè ke Pitit Gason Bondye a, Jezikri, gen, pa mouri. Li vivan. Li cache nan imilite, enb. Li toujou demere konsa. Wout pou monte a se sa ki desann lan. Imilye tèt nou, elwaye nou de lide ki kole sou nou yo, epi kwè Seyè Jezi. Obsève siy lan, alò kwè Vwa a. Retounen, O sa yo ki dispèse yo!

Annou bese tèt nou.

²²⁸ “E si yo pa kwè Vwa premye siy lan, nan men an, jan l te ye ak Moyiz, alò fè dezèm siy lan. Answit, si yo pa kwè siy sa, lè sa a pran dlo (dlo reprezante lavi) ki nan oseyan an oswa lanmè a, vide l sou tè a, l ap tounen san.”

²²⁹ Papa nou ki nan Syèl la, tan an reyèlman avanse kounye a, men Ou te pwomèt ke ta gen Limyè nan aswè. Pèmèt Vwa Levanjil nou an antre fon nan kè moun yo, pandan y ap medite sou Li epi etidye Li pa Pawòl la.

²³⁰ Beni kominote sa, Seyè. Beni moun sa yo. Gade yo ki chita isit la, tou grangou, timoun pòv yo te maltrete epi yo te oprese tout kote, ak sa, nou konnen ke Satan te fè sa jis pou avegle yo pou yo pa wè bagay la lè Li rive la. Nan yon sèl akò, aswè a, se pou yo kwè Jezikri, kwè pwomès Li, ke Li leve soti vivan nan lanmò.

²³¹ Ou di: “Nan moman ke yo pa panse, lè sa a Fis de lòm lan va vini.”

²³² Nan moman menm legliz la posede, vo plis lajan, nan konstwi bilding ki koute milyon dola. Mwen kwè, Papa, yo ta fè pi byen, si yo retounen kanpe nan kwen lari a, ap bat yon—yon tanbouren, ak yon chapo nan men yo, ap bat yon vye tanbou nan kwen lari a tankou Lamedisali, pase pou yo ta chita nan gwo mòg sa yo aswè a, ap eseye imite mond lan, “Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye, men yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre.”

²³³ Akòde, Seyè, aswè a, yon lòt fwa ankò, Seyè; menm jan Samson te kriye: “Yon lòt fwa ankò, Seyè, yon lòt fwa ankò.” Se pou yo konnen ke Ou se Kris la, Pitit Bondye a; menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Epi idantifye Tèt Ou nan mitan nou, pou

ke yo ka wè siy lan, petèt yo va kwè Vwa a. Mwen mande sa nan Non Jezikri. Amèn.

234 Nou pral fè yon liy priyè, byen vit. Mwen wè se vrèman lè pou nou pati kounye a menm. Men annou fè yon liy priyè, jis yon ti liy priyè, answit nou va reprann demen.

235 Li distribye kat pou lapriyè jodi a. Se poutèt sa, nou distribye kat chak jou, kifè chak moun ka gen yon chans si yo vini nan yon lè enprevi. Lefèt ke ou vin nan liy priyè a, se pa sa k ap geri w. Tout moun konnen, nan chak reyinyon, gen plis moun ki geri nan oditwa a pase gen moun ki geri isit la sou estrad la, ou wè, toujou. Sentespri a jis omniprezan menm jan an. Li sèlman ap eseye jwenn kwayan, ke L ka rive pran, se tou.

236 Kat pou lapriyè ki te distribye yo kòmanse avèk P, tankou nan Pòl. Annou, kote nou te ye . . . Ebyen, ann rele apati nimewo en. Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, kite yo kanpe bò isit la, si nou vle. Kat pou lapriyè yo a kòmanse avèk P, tankou nan Pòl, youn a dis, kanpe bò isit la sou kote sa, si w ka ret kanpe. Si w pa kapab, alò nou va jwenn yon moun pou ede w. Dis; youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit . . . Trè byen, de an plis. Uit, nèf, dis, trè byen. Dis a kenz, dis a kenz, se senk an plis. Kenz a ven, leve kanpe pou m ka wè si w ap leve; P, kenz a ven. Ven a vennsenk. Ann wè kounye a, ki kote nou ye. Kounye a, se pou rès oditwa a rete reyèlman avèk reverans, jis pandan kèk minit. Sa ta dwe kat pou lapriyè P, youn a vennsenk. Èske se pa sa? Vennsenk, youn a vennsenk.

237 Kounye a tout lòt moun yo se pou nou vrèman rete reveran. Bay Bondye ak Mesaj la anpil respè. Nou dwe Bondye sa, pou nou rete atantif yon minit epi reflechi.

238 Bon mwen panse ke y ap prepare moun yo. Sa yo ki pa gen . . . si yo gen yon kat pou lapriyè, yo tout pa nan liy lan, yo va wè sa; yo va di m nan kèk minit, e alò yo va . . . answit nou va wè si petèt yon moun ki soud oswa yon moun ki pa ka deplase.

239 Mwen pa konnen ki kote yo ye, zanmi, kat pou lapriyè sa yo. Ti gason an vin isit la . . . (Ki moun ki distribye yo? Èske se te oudenm, oswa Billy? Billy?) Ebyen li vini, li melanje kat sa yo, devan noumenm moun yo, lèfini li ba nou yon kat pou lapriyè; li vini tou drèt, li di nou tout pou nou chita, li ba nou yon kat pou lapriyè. Ou wè? M pa konnen ki kote yo ye. M t ap eseye fè timoun sa monte isi a la, ou wè. E, lòt yo, mwen—mwen pa konnen, mwen—mwen pa gen okenn fason pou m konnen sa. Mwen panse Bondye jis òdone sa jan Li vle li òdone konsa.

240 Kounye a, bon rès nan nou, ki pa gen yon kat pou lapriyè. Leve men nou, di: “M pa gen yon kat pou lapriyè, men m malad.” Leve men nou, nenpòt kote nan bilding lan. M pa bezwen konnen kote nou ye, leve pa nou. . . Ebyen, pa gen twòp moun isi a alò, la. Ebyen, dapre sa, sa p ap pran anpil tan pou fè liy priyè a

la demen. Gen apeprè ven isi a, san konte sa ki kanpe isi a, ki malad.

²⁴¹ Se bon. Mwen kontan wè w aksepte l konsa. Ou te gen plis lafwa pase sa m te panse w te genyen, petèt. Ou wè? Ou wè? Si w te aksepte gerizon w, te jete kat ou a, Bondye beni w. Sa se lafwa reyèl otantik. Pèsonn pat poze men sou ou; ou te poze men sou Kris.

²⁴² Bon oumenm ki isi a aswè a, ki pa pral nan liy priyè a, kwè istwa sa. Tankou fanm sa ki te touche bò rad Li a, e Li te retounen epi Li te rekonèt ke li te touche L, konbyen moun ki sonje istwa a? Se sèten, ou sonje.

²⁴³ Bon èske w kwè ke, Li, Bib la di nan Ebre 4, ke “Li se Gran Prèt la, kounye a menm, ki ka gen pitye pou enfimite nou yo”? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ebyen, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, èske Li pa ta ajì menm jan an? [“Amèn.”] Èske Li pat fè sa, sware apre sware, isi a? [“Amèn.”] Konbyen ki te nan lòt reyinyon epi ki wè L fè l? Jis leve. . . [“Amèn.”] Sèten. Ou wè? Atravè monn lan! Li konnen, Li konnen tout bagay sou ou.

²⁴⁴ Bon èske nou wè sa m ap eseye fè a? Konbyen ki konprann sa m vle nou fè a? Ou wè? Mwen vle oumenm, san pa gen pèsòn ki poze men sou ou, mwen vle oumenm, kòm yon atik otantik Bondye, ou di: “Jezikri, mwen kwè nan Ou. Mwen aksepte W kounye a kòm Gerisè mwen. Mwen aksepte W kounye a kòm Sovè mwen. Mwen kwè sa ak tout kè m, travay sa fin fèt.” Answit kenbe pwomès sa, kenbe konfesyon w epi mache pou pi devan avèk li. Gade sa k pral pase. Ou wè? Gade sa k pral pase. Ou wè? Bon se sa m ap eseye fè w fè, vrè fason ke nou sipoze kwè a.

²⁴⁵ Kisa w ta di? [Yon moun di: “Kat ak diznèf.”—Editè a.] Nimewo kat, kat pou lapriyè nimewo kat epi nimewo diznèf, pa la. Kat pou lapriyè nimewo kat. Gade yon moun; gade kat vwazen w yo. Kat pou lapriyè nimewo kat ak nimewo diznèf. Trè byen, jis yon moman, ret tann. Ou wè, si m pa rele l, alò m ap jwenn yon rebondisman sou sa, ou wè. Kisa w di? Kisa w di? [“Kat.”] Ou jwenn nimewo kat la? E nimewo diz- . . . Poko jwenn diznèf. Kisa w di? [“Nimewo kat la tou.”] Kat pou lapriyè nimewo kat poko la, oswa diznèf. Si yon moun gen kat sa yo, vini nan liy priyè a souple. Oswa, gade, ou wè, se petèt. . . èske gen. . . Èske ti bebe sa gen yon kat? Verifye, se pa. . . Se pa nimewo a. Èske dam sa ki isit la, nan chèz woulant lan, gen yon kat? Verifye nimewo li a. Èske sa—èske sa se nimewo li a? Yon dam ki sou yon sivyè, en? Yo jwenn li. Yo, tout la kounye a. Dakò. Trè byen. Bon—bon, nou menm ki gen yon kat pou lapriyè, kenbe yo. Nou pral sèvi ou, avèk gras Bondye.

²⁴⁶ Kounye a, zanmi m yo, sa se dènye swa ke nou pral genyen, demen se nan dimanch apremidi, annou kalme nou. Bon jis pran tout enkredilite ke w genyen avèk chak—chak panse derezonab,

epi blayi l atè a, epi mete pye w sou li, jan li te ye a. Di: “Seyè Jezi, m pral kwè Ou.” Konbyen ki pral fè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Mèsi. Bondye beni nou.

247 Bon piga ankenn moun pati. Chita byen trankil, epi kwè. Gade nan direksyon sa, epi kounye a gade.

248 Bondye toujou idantifye Li nan fè konnen, prevwa sa ki te pase, epi di sa ki te pase, kouman sa ye, oswa sa k pral pase. Nou konnen sa. Se konsa yo te konnen pwofèt yo. Se konsa yo te konnen Jezi kòm Mesi a. E Li se menm Mesi a jodi a jan Li te ye nan epòk sa, sèlman san yon kò fizik isit la sou latè. Li te voye Lespri Li tounen pou itilize kò w, kò pa m. Bon, ou ka pa kapab fè sa. Nou konnen, nan Lekriti, genyen yon sèl nan yon jenerasyon. Men, ou wè, men poutan ou ka kwè sa, epi ou gen lòt bagay ke ou ka fè, tout moun.

249 E si dwèt mwen deside, paske li pa je mwen, li p ap dwèt mwen ankò? E si bra sa di: “M p ap leve anlè ankò, paske si m pa yon je, oswa yon zòrèy, m p ap yon bra?” Ebyen, sa t ap paralize kò mwen.

Se pou ou rete sa Bondye vle w ye a.

250 Konbyen fwa mwen te admire Oral Roberts, Billy Graham, Tommy Osborn!

251 Kèk nan mesye sa yo rive la epi yo di: “Glwa pou Bondye! Kwè sa!” Sa se yon fwa bouldòg. Y al fè wout yo, yo soti la jis osi fre ke yo kapab.

252 Billy Graham kanpe ak yon mesaj, epi li pale ak moun yo pou kèk minit, li di: “Pran desizyon nou; vini devan lotèl la.” Li jis kanpe la, li pa janm fè yon lòt mouvman.

Li di: “Kifè, poukisa w fè sa, Billy?”

253 Li di: “M bay mesaj mwen. Li soti nan Bondye.” Se vre.

254 Li nan legliz Sodòm sa, jis egzaktman sa ki te sipoze fèt. Non li gen sis lèt epi li fini ak h-a-m tankou Abraham; Abraham se te sèt lèt. Èske nou wè mesaj legliz sa, laba nan Babilòn? Sètènman. Pa gen yon nonm nan peyi a ki gen yon priz sou mesaj repantans sa, tankou Billy Graham. Li kanpe la. Li deplase soti la, epi l al manje yon griyad epi l al nan kabann li, li bwè yon lèt malte. Tout sa kòrèk.

255 E lè w gen pou kanpe la epi goumen kont demon yo! Yon fwa nan Long Beach, Frè Jack avè m . . . Papa w te kanpe la.

256 E Mesye Fuller te kanpe la, Charles Fuller, yon bon frè, te kanpe la ap preche. Te gen anviwon de oswa twa mil moun la apremidi sa. Nou te chita e nou te swiv reyinyon li an. Se mwen ki te lwe oditoryòm lan, apre li. E li te kanpe la epi li te fè yon bèl diskou. Epi li di: “Èske gen yon moun isi a ki te vle aksepte Kris?” De oswa twa moun te desann pou konsakre bebe yo. Yon fanm te di li te vle aksepte Li. Youn nan dyak yo te avanse epi te

ofri yon ti priyè, li te retounen epi li t al chita. Li te bay lanmen, li te retounen epi li te soti. Men gwoup moun entelektyèl, byen abiye pa l yo, k ap mache soti deyò a la.

257 Men moun pa m yo k ap antre, nan kamizòl de fòs, chèz woulant, avèg, bwate, estwopye, mitile. Lè fwa w fè fas a yon bagay konsa!

258 Men ni, kisa m deklare ke Kris ye? E kounye a gen enkwayan ki chita la a, k ap tann pou yo jwenn yon sèl erè, ou wè, yo jis ap eseye jwenn yon sèl erè.

259 Sonje, isi a sa pa fè lontan nan Toronto, nou te kanpe la ap preche, ap priye pou malad yo. Mwen te santi yon espri biza san rete; li te bò kote gòch mwen. Mwen te kontinye ap siveye l. Te gen yon nonm ki te chita la, yon gwoup te anplwaye l pou vini la pou ipnotize m. Li konn ale nan kan militè yo epi fè sòlda yo mete yo sou kat pat epi jape tankou chyen, ak bagay konsa; ipnotis. M te santi move lespri sa a. M pat konn kote l te soti. M te kontinye ap siveye. M te wè lonbraj nwa sa. Mwen te tann jis kèk minit. Mwen di: “Ou menm pitit Satan, poukisa dyab la avegle lespri w pou fè yon bagay konsa? Paske ou vini pou domine sou Bondye, bay Lespri Bondye defi, yo pral pote w soti deyò isit la.” Li te paralize la menm nan chèz li te chita e li toujou paralize. Ou wè?

260 Nou p ap fè jwèt legliz. Konbyen ki konn nan reyinyon yo epi ki konn wè menm bagay sa yo rive, nou konnen bagay ki konn rive yo? Se sèten. Se vre. Sonje, se pou—se pou nou gen respè.

Bon men ni, m sipoze, se premye moun lan. Èske se sa?

261 Kounye a, ou wè, mwen preche, mwen di nou egzakteman sa k te sipoze rive nan jou sa a. Kounye a sa se yon siy, si sa rive. Se sa siy lan te ye, alò kwè Vwa a ki swiv siy lan. Ou wè?

262 Kounye a men yon fanm. Egzakteman, pou nou ki fèk vini yo, sa se Sen Jan 4, kote Seyè Jezi nou an te rankontre yon fanm nan pui a. Yo pat janm te rankontre anvan, nan lavi, e Li te di fanm lan ki pwoblèm li te genyen. E li te rekonèt ke se te Mesi a. Nou konnen istwa a? Men li ankò, yon nonm ak yon fanm ki rankontre. Bon se pa li ki fanm lan, e se pa mwen ki Nonm sa, men se toujou menm Bondye a. Ou wè? Bon, Jezi di: “Zèw ke Mwen fè yo nou va fè yo tou,” Sen Jan 14:12.

263 Kounye a, madanm, m pa konnen w, m pa gen okenn lide poukisa w kanpe la. Li ta ka pwoblèm nan fwaye w. Li ta ka pou yon lòt moun. Petèt ke ou malad. Petèt se. . . Petèt ou kanpe la, ou jis ap pran pòz se yon bagay. Si se sa, jis chèche konnen kisa k pase. Ou wè? Petèt w ap imite yon bagay. Kèlkeswa sa l ye a, m pa. . . Ou ka yon kwayan otantik. Sa m pa konnen, men Bondye konnen. Men ou va konnen si L te di w laverite oswa non, pa vre? Si se laverite, ou va konnen l.

264 Kounye a, ou wè, se sa fwa w ta dwe fè. Èske w ta renmen vin isi a? Bon si nenpòt moun kwè se fo, vin isi a epi okipe w de

malad sa, vin isi a epi okipe w de tout rès yo. Alò si w p ap fè l, alò pa kondane m. Ou wè?

265 Kounye a gade isit la, sè, jis yon minit. Bon m pa gen okenn lide, anyen sou ou. Ou se jis yon fanm ki kanpe la.

266 Kounye a si Seyè Jezikri a, Pitit Bondye a, Ki Moun mwen te pwouve pa Bib la, te pwomèt ke Li t ap retounen nan dènye jou yo epi revele Tèt Li nan plenitud Lespri Li. . .

267 Jis tankou Legliz ki grandi a; jan sa ye avèk yon èt imen, soti depi anba nan pye a, monte nan kwis yo, jouk anlè tèt la, e tèt la se chèf kò a. E Kò a grandi, depi premye Legliz la, li kontinye grandi, nan sa, nan refòm yo, li kontinye grandi, jiskaske kounye a. . . Li vini atravè jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Kounye a se Tèt la, Kris, k ap vini nan Kò a, Kò Kris la. Li se Sila Ki konnen. Men m pa konnen pou l aji, sa jis nan tèt mwen. Men Li se Sila Ki konnen, se rezon ki fè Li se Pawòl la.

268 Se pa mwen ki Pawòl la. Mwen se yon nonm. Men, ou wè, Li itilize kò sa a. Paskè, Li te mouri pou sanktifye kò sa, pou ke L te ka itilize l, epi ba li yon don. Jis tankou w anlve l sou chimen an, alò Sentespri a pran kontwòl li.

269 Alò, si Li dekri oswa di w sa w te fè, poukisa ou isit la, oswa yon bagay sou ou, w ap kwè li. E oditwa a ap kwè menm jan an? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Se pou Seyè Bondye a akòde sa.

270 Kounye a m pran chak espri, isi a, anba kontwòl mwen, pou glwa Bondye. Kounye a rete trankil. Piga nou deplase.

271 Gade isi a, jis yon moman. “Gade m,” tankou Pyè ak Jan te di, antan yo t ap pase nan pòtay la. Nan lòt mo, jis pote atansyon a sa m ap di a. Ou wè?

Jezi te poze fanm lan kèk kesyon. “Ban M ti gout dlo.”

272 Ou wè, m te preche, se menm bagay la. Papa a te voye m isi a nan—nan Baton Wouj. Men mwen.

273 Papa te di Li te bezwen ale nan Samari. Li te chita la. Yon fanm te premye moun ki te vin jwenn Li. Li te fin fè sèl siy sa sou fanm sa, epi tout vil la te repanti. Ala yon diferans li. . .

274 Nou panse, si L te fè menm bagay la, aswè a, nou panse tout Baton Wouj t ap repanti? Mwen gen dout sou sa, e nou? Mwen sètènman doute de sa. Men nou nan dènye jou yo, lè sa ki mal pi mal pase sa nou te janm konnen.

275 Kounye a kondisyon w yo. Ou isi a pou yo priye pou ou. Se egzakteman sa. E w ap soufri ak yon gòj fè mal. Si se vre, leve men w. Se pa sa sèlman, men gen yon moun w ap priye pou li. Se yon timoun, e timoun sa gen yon gòj fè mal. E se eta gòj timoun lan, se ke li gen timè nan gòj la. Èske w kwè ke Bondye ap geri l, tou? Mouchwa sa ki nan men w lan, ke w te leve devan Bondye a, kòm yon temwen. . . Pa doute sa kounye a. Ale epi poze mouchwa

a sou timoun lan. Pa doute, ak tout kè w. Bondye ap geri nou toulede epi rann nou byen. [Sè a di: “Lwanj pou Li! Alelouya!”—Editè a.] Èske w ka fè sa? [“Jezi! Mèsi, Jezi!”] Alò ou mèt ale, e se pou Seyè a demere avèk ou. [“Glwa pou Bondye! Alelouya!”]

Kouman w ye? Nou se etranje youn pou lòt, tou.

276 Èske nou kwè? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Sa se siy lan. Kounye a Vwa a, se: “Retounen nan Pawòl la!”

277 M pa konnen w; Li konnen w. Si Li di m yon bagay sou ou, alò ou va kwè ke Pawòl sa ke mwen di a va konfime? Sa se—sa se konfimasyon Li. Ou wè? Mwen di Li fè sa; sa se pwofetize. Kounye a si pwofesi a rive, alò Li di: “Koute l.”

278 Ou nan yon sityasyon nèvozite ekstrèm ke w ap soufri avè l la, nèvozite. Epi ou gen yon timè, e timè a sou janm ou. Se vre, pa vre? [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Kounye a èske w kwè? [“Wi, mesye.”] Alò al fè wout ou, epi kwè. E, jan w kwè a, konsa sa va rive pou ou.

279 Kouman w ye? Mwen pa konnen w, men Bondye konnen w. Èske w kwè ke Bondye ka di m pwoblèm ou? Gade m. Ou gen pwoblèm. Men ou reyèlman kanpe la pou yon lòt moun, e se yon moun ki grandi avè w. Se sè w. Se vre. Kounye a èske w kwè ke Bondye ka di m ki sa ki mal ak sè w la? Èske w ap aksepte li? Li gen pwoblèm kè. Se vre. Èske w kwè li pral geri kounye a? Alò, se pou sa rive pou ou, selon fwa ou.

280 Vini, madanm. Kouman w ye? Si Bondye ka di m ki pwoblèm ou, oswa sa ou fè, oswa yon bagay, èske sa va fè w kwè? Ou konnen ke mwen. . . Mwen—mwen—mwen pa konnen w. Sa ta dwe karakteristik Li k ap idantifye Tèt Li nan mwen, dapre Pawòl ke Li te pwomèt la. [Sè a di: “Mwen jis kwè li.”—Editè a.] Ou kwè sa? [“Wi. Amèn.”]

281 Ou se yon lòt, ou gen pwoblèm tankou yon fanm nan laj ou ta genyen, men pi gwo panse w se sou yon lòt moun. Ou dezire Bondye fè yon bagay; w ap chache Bondye pa pou tèt ou, men pou yon lòt moun, se yon nonm. Se mari w. E li gen pwoblèm kè. Èske w kwè ke Li pral. . . Bondye va geri li? Ale, kwè li. E, sa va rive pou ou, jan w kwè l la.

282 Kounye a, ou wè, tout predikasyon an, pou lè sa ke m t ap preche a. Li, kèlkeswa sa l te ye a, twa oswa kat moun sot pase la, kounye a mwen apèn ka kanpe isit la. Ou wè? Ou wè, jis foul la nèt jis sanble ak lèt, nan alantou isi a. Ou wè? Jezi te di: “Gen yon fòs ki soti nan Mwen.” E si yon sèl fanm, ki te touche rad Li, te fè yon fòs soti nan Li, e Li se Pitit Bondye a, e mwen menm, yon pechè ki sove pa gras Li?

283 Li di: “Bagay ke Mwen fè yo nou va fè yo tou. Nou va fè *plis* pase sa.” Mwen konnen vèsyon Wa Jak la di: “pi gran.” Men si nou pran tradiksyon orijinal la, li di: “Nou va fè *plis* pase sa.” Pèsonn pa t ap ka fè pi gran bagay. Li te resisite mò yo, e Li te

rete lanati, epi te fè tout bagay. Men Li di: “Nou va fè *plis* pase sa, paske Mwen pral jwenn Papa a.”

284 “Mond lan p ap wè M; men nou va wè M, paske Mwen. . .” Gade: “Mwen,” mwen—mwen se yon pwonon pèsone. “M ap avèk nou, menm nan nou.” Alò, se pa lòm lan. Se Kris.

285 Mwen di sa, pou m on jan sekwe m yon ti kras, pou m on jan resezi m. Ou rive yon kote apre yon sèten tan. . . Se pa pandan ou anwo *la a*, oswa anba *isi a*; se nan mitan an. Konbyen ki konprann sa? Mwen konnen nou—nou panse nou konprann. Mwen menm, tou.

286 Èske nou te janm konnen ke powèt yo ak pwofèt yo toujou souffri nè? Konbyen ki konnen sa?

287 Konbyen ki janm tande pale de William Cowper, gran powèt angle a? Nou konnen, se li ki ekri: “Genyen yon sous ki plen ak San, k ap koule soti nan venn Emanyèl.” Apre li fin ekri chante sa, èske nou te tande sa k te rive l? M te kanpe bò tonm li sa pa fè lontan. Li te eseye komèt swisid, epi li te nye tèt li nan flèv la.

288 Konbyen nan nou chak ki janm tande pale de Stephen Foster, ki bay Etazini pi bèl chante fòklorik li yo? Li te genyen l nan tèt li men pa nan kè l. Chak fwa li te resevwa yon enspirasyon, li te ekri chante a. Answit lè enspirasyon an te kite l, li pat konn sa pou l fè ak tèt li, epi li te pèdi. Li—li—li te al soule tèt li. Epi lè finalman li te komanse soti anba enspirasyon sa, li te rele yon domestik, e li te pran yon razwa epi li te komèt swisid. Se vre.

289 Gade Eli, pwofèt la. Li te monte anwo a la epi li te fè dife desann soti nan syèl la; li te fè lapli desann soti nan syèl la nan premye jou a; e li te fèmen syèl la epi li te fè tout sa. Answit lè enspirasyon an te kite l, li te ale nan dezè a epi li te vle mouri. Epi Bondye te jwenn li, karant jou apre, ki te kache nan gwòt la. Se vre?

290 Gade Jonas, pwofèt la. Apre li fin bay mesaj li a, li te monte chita sou ti mòn lan, li te mande Bondye pou kite l mouri. En-en. “Kite sèvitè W la pati ak lapè.”

291 Moun yo pa konprann sa. Non, non, ou p ap konprann. Ni mwen m pa ka eksplike sa, ni okenn lòt moun. Nou pa ka eksplike Bondye. Moun pa konnen Bondye avèk rechèch syantifik. Se pa lafwa moun konn Bondye. Nou kwè nan Li. Kijan nou ka eksplike sa? Otreman, èske se t ap lafwa? Se pa lafwa nou konnen Bondye.

292 Legliz la p ap janm konnen travay di ak fatig, ak traka ak eprè, ke sa koute pou eseye pote L, Mesaj la. Li konnen sa. Rekonpans mwen pa soti nan men moun.

293 Gade isit la, madanm. Wi, byen vit. Fanm sa gen lonbraj lanmò sou li. Si Bondye pa vini bò kot fanm sa touswit, mwen ka wè. . . Èske nou pa wè nwasè sa ki pandye alantou li? L ap mouri, osi sèten ke mond lan. Isi a sa pa fè lontan, yo te pran foto

yon bagay konsa, e m genyen l lakay mwen. Li gen yon lonbraj nwa pandye tou pre l. Lonbraj lanmò kouvri li.

294 Ti dam lan te fè yon operasyon. E diran operasyon sa, yo te opere pou kansè. E kounye a li gen pwoblèm, tout kalite de—de, ebyen, jis konplikasyon. Yon bagay, ou sitèlman fèb ou pa ka kanpe. Yon lòt bagay, se ke vesi ou ap fè pi. Bon, jis konsa ou ta wè ke m pa jis ap di yon bagay. Ou wè? Se vre. Men, madanm, doktè a te eseye. Mwen ba li kredi pou sa. Men, li te yon remèd, men Bondye se gerizon an. Ou pral mouri kon sa. Li fè tout sa l te kapab fè. Èske ou kwè? [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Vin isi, jis yon minit.

295 Gras a komisyon Bondye Toupwisan an ban mwen, ki te konfime pou mwen gras a yon Anj, ki prezan kounye a sou fòm yon Kolòn Dife, mwen kondane dyab sa a k ap pran lavi fanm sa a. Nan Non Jezikri. Amèn.

Ale, kwè kounye a. Avèk tout sa k nan ou, kwè.

296 Ou gen yon pwoblèm ki touye plis moun pase nenpòt lòt bagay, pwoblèm kè. Yo deklare ke se maladi nimewo en, men se pa li, mesye. Peche se nimewo en dapre sa yo kwè. . . maladi. Èske ou kwè ke Li kapab geri kè sa epi fè w vin byen? [Frè a di: “Mwen konnen Li kapab.”—Editè a.] Alò ale, kwè li. Bondye beni w.

297 Ou panse Bondye ka geri do w epi fè w vin byen? Èske w kwè sa ak tout kè w? Ale, kwè li, sè. Siveye sa k ap pase w, w ap vin pi byen.

298 Atrit ak pwoblèm kè. Men ou kwè ke Bondye ka geri w? [Sè a di: “Mwen kwè sa.”—Editè a.] Ak tout kè w? [“Wi, mesye.”] W ap aksepte l? [“Wi, mesye.”] Dapre jan ou kwè, se konsa sa pral rive pou ou. Kounye a ale, kwè sa ak tout kè w, epi Bondye va geri w.

299 Ou menm tou ou gen pwoblèm nan do. Èske w kwè ke Jezikri ka geri ou? [Sè a di: “Wi, mesye.”—Editè a.] Ale kounye a, kwè sa ak tout kè w. Mwen pa ka geri w, ou wè.

300 Pwostat, nèvozite, epi tou ou gen atrit. Èske w kwè Bondye ka fè w vin byen, geri ou? Èske w aksepte sa? Ale, epi kwè sa, alò.

301 W ap touse, sa anpeche w dòmi anpil fwa. Men Bondye geri opresyon. Èske w kwè sa? [Frè a di: “Wi, mesye.”—Editè a.] Èske w kwè Li geri w kounye a? [“Wi, mesye.”] Bondye beni w. Mèsi, pou fwa ou.

302 E si m pat menm di w yon sèl mo, m te jis poze men sou ou, èske w t ap kwè? [Frè a di: “Wi.”—Editè a.] Vin isi a. Mwen poze men m sou ou, nan Non Jezikri, e se pou atrit la kite w. Li pati.

303 Vini. Vini, sè. Èske w kwè? [Sè a di: “Wi, mesye. Seyè a te geri m anvan.”—Editè a.] Ebyen, sa se mèveye. [“Alelouya!”] Alò al manje soupe w alò, epi lestonmak ou pral vin kòrèk. [“Alelouya! Alelouya! Alelouya!”]

304 Anpil do fè mal, k ap deranje w depi lontan. Ale, kwè ou . . . Ale, kwè ou pral vin kòrèk, epi Bondye va fè l pou ou. [Frè a di: “Bondye fè l. Amèn.”—Editè a.] Amèn. Se byen. [“Lwanj pou Seyè a.”] Seyè a beni w, frè. Amèn.

305 Dyabèt yo pa anyen, pou Bondye geri. Li ka geri yo. Èske w kwè sa? [Sè a di: “Mwen kwè.”—Editè a.] Trè byen. Aksepte li, ale e kwè Li kounye a ak tout kè w.

306 Ou genyen l nan san w tou. Èske w kwè ke Bondye ap geri w? Ale, kwè sa ak tout kè w, epi se pou w geri.

307 Ou kwè Li te geri w lè sa te frape w? Li te fè l.

308 Maladi fanm. Pwoblèm kè. Ou kwè sa? [Sè a di: “Mwen kwè li.”—Editè a.] Ale, se—se pou w geri nan Non Jezi.

309 Ou kwè Bondye ap geri do w, ren w yo pral vin . . . Beni w! Jis kontinye wout ou.

Mwen pa geri. Mwen pa ka geri. M pa yon gerisè.

310 Kisa w te panse lè Li te pale l de do li, èske w kwè pa w la geri, tou? Trè byen, jis ale, kwè li, alò . . . Jis ale e kwè li, ak tout kè w.

311 Pa w la tou, èske w kwè ke Bondye geri w? Ale, kwè li, ak tout kè w. Bondye ap akòde l si ou . . . Ou dwe kwè l, sepandan.

312 Èske w kwè ke Bondye ap geri w, tou? [Sè a di: “Lwanj pou Seyè a! M kwè sèten.”—Editè a.] Trè byen. Bondye beni w. Jis kontinye wout ou epi kwè ak tout kè w.

313 Vini, mesye. Yon vye gout blan ap tonbe. Dyagnostik sa ta montre dyabèt. [Frè a di: “Dyabèt.”—Editè a.] Èske w kwè L ap fè w vin byen? Ann ale sou Kalvè a pou yon transfizyon kounye a. Pa lafwa, nan Non Jezikri, se pou li geri. Amèn. Bondye beni w, frè. Kwè ak tout kè w. Èske w kwè? [“Ègzakteman vre.”]

314 E kèk nan nou ki nan oditwa a kounye a? Èske nou kwè ak tout kè nou, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Nou kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

315 E la nan sektè sa? Ti dam ki chita la, k ap gade m drèt la, k ap soufri ak yon maladi fanm, èske w kwè ke Bondye ap fè w vin byen? Li jis gen yon ti manto ble sou li. Trè byen. Kwè kounye a, Jezikri geri w. Se si senp ke sa.

316 Dam ki chita jis dèyè w la, ak cheve nwa. Li di: “Mèsi, Seyè.” Yon bagay te frape li. Li pat konnen sa L te ye. Pwoblèm vesi a kite w, ou menm ki chita la, jis dèyè dam lan ki jis sot geri la. Si ou kwè ak tout kè w la, madanm. Ou kwè? Trè byen, leve men w si w vle aksepte l. Bondye geri w.

E bò isi a la, gen yon moun bò *isi a*?

317 Dèyè a la nan oditwa a, bon se pou nou reyèlman gen respè. Piga nou deplase. Ou wè, maladi sa yo pral soti sou youn pou l tonbe sou lòt.

318 E ou menm, mesye? Nonm aje sa ki chita isi a nan chèz sa? Èske w kwè? Èske w kwè Bondye ka geri w? Atrit, epi ou gen bwonchit. Ou kwè Bondye ap geri bagay sa? Ou kwè? Trè byen, ou ka genyen sa w te mande a. “Si ou kapab kwè!”

319 Kisa w panse, madanm, ki chita bò kote l la? Èske w kwè, tou? Èske w kwè? Èske w kwè Bondye ka di m ki pwoblèm ou genyen? Ou byen lwen mwen. Jis kwè Li kounye a. Èske w kwè mwen di w Laverite? Alò tansyon w lan pral desann. Ou kwè li?

320 Ou te leve men w, tou. Ou t ap eseye ankouraje l. Èske w kwè Bondye ka di m kisa. . . Ou te sitèlman gen bonte pou ede li, kounye a Bondye pral gen bonte pou L ede ou. Ou gen yon pwoblèm espirityèl k ap boulvèse w. Si se vre, balanse men w *konsa*. Sa pral regle kounye a. Li ranje sa.

321 Konbyen ki kwè? Konbyen nan nou ki pral ak- . . . ki pa yon Kretyen, gen santiman an—an ke Jezikri prezan isi a, ki ta renmen kanpe kounye a, di: “Jezi, m ta renmen idantifye tèt mwen kòm yon pechè, èske W ap padonnen m peche mwen yo?” Leve kanpe sou pye nou. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w. Bondye beni w. Bondye beni w. Bondye beni w. Sa se . . . Bondye beni w, ou menm, ou menm, ou menm. La, Li wè w. Li ekri non w lè w fè sa.

322 Bò isi a nan balkon an, leve kanpe, di: “Seyè Jezi, mwen vle, mwen vle idantifye m. Mwen vle mizerikòd pou nanm mwen.” Bondye beni w, mesye. “Mwen vle mizerikòd, Seyè Jezi.”

323 Èske w pa ka wè, zanmi, ke se Li k isi a? Bondye beni w, jèn gason. Bondye beni w. Bondye beni w, jèn madanm. Sa se pi gran bagay ou janm fè. Kounye a yon lòt moun ki poko fè l, leve kanpe, di: “Mwen vle idantifye m, Seyè Jezi. M ap idantifye tèt mwen, aswè a.”

324 “Sila ki va konfese peche l, va jwenn mizerikòd. Sila ki kache peche l, p ap pwospere.”

325 Èske w vle fè l, nan Prezans Li? Bondye beni w, madanm. Mwen vle . . . Bondye beni w. Wi. E Bondye beni w. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, madanm. Seyè a beni w.

326 Ou di: “Èske sa fè yon diferans?” Diferans lan, se ant lavi e lanmò.

327 Èske w rekonèt Prezans Li isi a? Èske w rekonèt sa? Èske w santi sa? Ou wè, ou wè Li, ou wè Li ap travay. Se Li. Se egzaktman sa Li te di Li ta fè. Èske w kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

328 Yon lòt moun di: “Mwen vle idantifye m kòm yon pechè, Seyè. Padonnen peche m yo kounye a.” Si w deja kanpe, jis leve men w. Kèk nan nou ki ozalantou mi yo, leve. . . Bondye beni w. Bondye beni w. Yon lòt moun di, anwo nan balkon an jouk dèyè a, di: “Mwen vle idantifye tèt mwen, Seyè Jezi. Mwen reklame mizerikòd, aswè a, nan Prezans Divin Ou, antan mwen kwè ke,

Bondye a menm ki pral jije m lan, Prezans Li isi a kounye a. Li konnen ke L ap pale ak kè m epi di m ke mwen nan lerè. Mwen vle kanpe epi di ke mwen nan lerè. Mwen konfese fot mwen. W ap kondane m, nan kè m.” Se rezon ki fè mwen te rete liy priyè a. Bondye beni w. Bondye beni w.

329 Poukisa nou panse mwen te rete sa? Mwen te rete l paske mwen te konnen sa te dwe rive.

330 Bon, gen lòt moun ankò isi a, ou pa vle leve? Leve kanpe epi di yon Bagay ap pale ak kè w: “Ou gen tò.” Bondye beni w, mesye. Bondye beni w. Bondye beni w. Bondye beni w. “Mwen gen tò. Padonnen m, Seyè. M ap idantifye tèt mwen. Mwen leve kanpe, Seyè, nan Prezans Ou. Mwen konnen W isi a. Mwen. . . Ou dwe isi a. Ou te di sa t ap bagay la—la ke W tap fè. Kounye a mwen. . . Mwen wè siy lan, e mwen konnen ke yo te eksplike m ke sa sipoze vin siy pou jounen jodi a. Mwen tandè Vwa a ki te rele pou larepantans. Men mwen, Seyè. Mwen kwè siy lan. Mwen tandè Vwa a.”

331 Vwa a ap pale avè w kounye a! Tounen, O dispèse yo! Tounen, O zetwal k ap ere a! Tounen, O ou menm ke yo te mete deyò! Tounen, aswè a!

332 Èske w pa vle tounen? Jis leve kanpe epi di: “Mwen idantifye m kòm yon pechè, k ap mande mizerikòd.” Èske w vle fè l, yon lòt moun? Bondye beni w, madanm. Bondye beni w, anwo a la, pitit gason m. Si m pa wè w, Li menm l ap wè w. Bondye beni w, madanm. Se trè byen. Se trè byen. Yon lòt moun? Jis kontinye. . . Mwen vle rete jis yon minit ankò, paske mwen santi ankò yon ti fado isi a, ou wè. Yon lòt moun? Bondye beni w, madanm. Se konsa sa dwe fèt. Se sa. Yon lòt moun: “Mwen vle idantifye tèt mwen, jis pou m leve kanpe epi di ke mwen gen tò. M ap reklame mizerikòd”? Èske w vle fè l? Byen vit anvan n ale pi lwen, leve kanpe epi di: “Mwen vle idantifye tèt mwen, Seyè Jezi.” Bondye beni w, jèn dam.

333 Ou konnen, petèt anvan w rive lakay ou, men yon moman oswa yon lòt pral gen yon vapè dlo frèt k ap vini sou figi w. Petèt yon maten doktè a va vini epi li va santi batman kè w k ap monte nan manch rad ou, yo p ap ka fè okenn lòt bagay. Lè sa ou va santi vag frèt lanmò yo k ap antre nan figi w. Ou va sonje sa w te fè a.

334 Sonje, yo pa ka antere w twò fon, yo pa ka fè w anyen. Bondye te pwomèt: “M ap resisite w ankò, nan dènye jou a.” Gade. “Sila ki tandè Pawòl Mwen yo epi ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl e li p ap vini nan Jijman, men li pase de lanmò a Lavi.” Yon moun efase Sa si w kapab. Jezikri te di Sa. “Sila ki kwè (sa vle di ki ‘konprann’) Pawòl Mwen epi ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl, li p ap janm vini nan Jijman, kondanasyon, men li pase de lanmò a Lavi.” Paske, li kwè nan

sèl Pitit Gason Bondye a, ke Bondye te resisite, demil ane de sa, e ki vivan isi a, aswè a, ap montre atribi rezirèksyon Li a.

³³⁵ Yon lòt moun ta vle leve kanpe, apre sa, yon lòt ki ta di: “Mwen vle aksepte Sa. Mwen vle aksepte Li?” Bondye beni w. Bondye beni w. Sa se trè byen, ti dam. Sa se yon bèl jès. Mwen vle w remake yon bagay.

³³⁶ Mwen te gade yon apèl a lotèl, isi a sa fè kèk tan de sa, gen moun ki t ap vini, antan y ap moulen chiklèt, pouse youn lòt sou kote.

³³⁷ Men èske nou te remake senserite ki sou figi moun yo? Jèn fanm sa yo, menm lè apre m te fin kondane yo konsènan cheve koupe yo, mete makiyaj; yo te jis leve kanpe, ak makiyaj sa sou yo, ak cheve yo koupe: “M se yon pechè. Gen pitye pou mwen, Bondye.” Se Semans sa ki repoze la. Limyè a te jayi sou li, epi yo konnen li. Bondye beni nou.

An nou bese tèt nou kounye a.

³³⁸ Mwen vle chak kwayan isi a, ki kanpe tou pre yon moun ki te leve kanpe, poze men w sou moun sa, (ou vle?), sila ki te leve kanpe a. Yo te leve kanpe bò kote w. Si w se yon Kreyen, poze men w sou yo: “Sè, frè, m poze men sou ou kounye a. M pral priye.”

³³⁹ Papa ki nan Syèl la, men moun sa yo isi a aswè a ki—ki kwè nan Ou. “Kèk semans tonbe bò chemen an,” Ou di, “zwazo yo vini epi yo ranmase l. Gen lòt ki tonbe sou teren wòch, ak pikan ak chadon. Men kèk tonbe nan bon tè fètil.” E Prezans Ou isi a, aswè a, konvenk anpil isi a aswè a ke Ou se Pitit Bondye, ke W ap viv etènèlman. E Ou pwomèt ke, paske W ap viv, nou ka viv tou.

³⁴⁰ Seyè Jezi, yo leve epi yo rete kanpe kòm yon temwen ke yo kwè nan Ou. Kounye a, Seyè, mwen konnen W ap kanpe pou yo nan Jou sa. Akòde li, Seyè. Mwen ba Ou yo, nan Non Jezikri. Se pou yo ale nan kèk bon legliz epi batize nan batèm Kreyen. Se pou yo jwenn yo ak yon bon gwoup kwayan. Se pou yo ranpli ak Sentespri a. Se pou yo trofe Levanjil la, bijou nan kouwòn Ou nan Jou sa. E si mwen pa janm wè yo ankò nan bò sa pou gran Jou sa, se pou m wè yo Jou sa tankou nan vizyon an, pou yo di: “Ou pa sonje m? Se te nan Baton Wouj, jou swa sa, ke m te leve kanpe.” Akòde l, Papa. Se pou Ou yo ye, nan Non Kris.

³⁴¹ Gen isi a, devan m lan, yon bwat mouchwa, ti soulye, bòt, mouchwa, ak twal, ak tabliye. Yo anseye nou, nan Bib la, ke yo te pran mouchwa ak tabliye, ki te sot sou kò Pòl, lespri enpi yo te soti sou moun yo. Kounye a, Papa, nou konnen ke nou pa Sen Pòl, men Ou se toujou menm Bondye a, kifè mwen priye ke Ou va akòde menm rezilta yo, kòm jenerasyon sa kwè sensèman. Yo pat janm kwè Pòl paske li te Pòl; yo te kwè Pòl paske Ou te idantifye Tèt Ou ak Pòl. Kounye a yo kwè menm bagay la aswè a, Seyè, ke Ou idantifye W nan mitan nou, aswè a. Epi yon jou, nou di. . .

342 Yon ekriyen te di nou, ke, “Izrayèl te sou wout li nan direksyon peyi pwomès la, epi Lanmè Wouj la te bloke wout la, pou l te anpeche yo ale nan peyi pwomès la.” Ekriyen an di, ke, “Bondye te gade anba atravè Kolòn Dife sa, ak je ki fache, alòske Li te deplase anlè Izrayèl. Li te fè avègleman, tenèb pou enkwayan an, e limyè pou Izrayèl. E lè Lanmè Wouj sa te bloke wout la, li te pè, e li te woule tounen deyè, epi Izrayèl te janbe ale lòt bò nan tè pwomès la sou tè sèk.”

343 Seyè Bondye, gade anba aswè a, atravè San Jezikri, Pitit Ou a. Alòske m ap poze men m sou mouchwa sa yo, lè yo va mete yo sou maladi yo, pèmèt Sentespri a, Seyè, gade moun sa, epi se pou maladi a kite l, epi se pou yo travèse ale nan peyi bòn sante ak fòs sa. Paske, Bib la di: “Anvan tout bagay,” ke yo te swete ke nou ta “pwospere nan sante.” Akòde li, Seyè. Mwen voye yo, nan Non Jezikri. Amèn.

. . . mwen pral swiv,
Kote Li kondui . . .

Ann jis chante.

. . . prale,
Mwen pral avè L,

Kounye a Prezans Li isi a, ann jis adore Li nan chante, dousman.

. . . jouk lafen.

344 Èske nou ka chante l reyèlman konsa:

Kote Li va kondui mwen m prale,
Kote Li va kondui mwen m prale,
Kote Li va kondui mwen m prale,
Mwen prale . . .

Si w ap fè sa, kounye a leve men w.

. . . avèk Li jouk lafen.

Annou leve kanpe kounye a, leve men nou ankò.

. . . Li nan jaden an,

345 Tout moun chante nan Lespri kounye a. Yon Mesaj reyèlman tranchan. Ann adore Li nan Prezans Li. Li renmen lè yo adore L.

. . . jaden an,
Mwen pral avè L nan jaden an,
M ap swiv Li, swiv Li jouk . . .

Kounye a ann fredonnen l.

Mwen kapab . . .

346 Bon alòske w ap fè sa, mwen vle w bay lanmen ak yon moun, di: “Bondye beni w, pèlren. Bondye beni w, pèlren,” konsa. Nou se youn youn ak lòt. Metodis, ak Batis, Presbiteryen, Pannkotis, tout moun bay lanmen youn ak lòt, “Bondye beni w, pèlren.” Se sa nou ye: pèlren.

. . . jaden an,

³⁴⁷ Bondye beni w, pèlren. Bondye beni w, n ap pase sejou a ak tout moun. Bondye beni w, frè m. Bondye beni w. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

. . . jaden,

Kounye a ann leve men nou.

M ap swiv Li, o, swiv Li jouk lafen.

³⁴⁸ Annou bese tèt nou, avèk imilite, nan lapriyè. Pa bliye, nan maten, lekòl dimanch.

³⁴⁹ *Pou yon rezon oswa yon lòt*, mwen jis santi Prezans Bondye a sitèlman reyèl nan kè mwen. Li jis tèlman difisil pou mwen pou m pati, aswè a, kanmenm. M santi Sentespri a kontan, aswè a. Nou pral genyen pwobableman yon gran reyinyon demen, kòm nou wè moun ki vin jwenn Kris, ou wè. Yon moun te mande poukisa m pat janm fè apèl alotèl la. M tann jouk mwen kondui pou m fè l. Ou wè?

³⁵⁰ Mwen gen konfyans ke tout moun ki te leve men yo, oswa ki te leve kanpe, mwen gen konfyans ke w va ale nan yon bon legliz demen, pran plas ou nan mitan kwayan yo.

³⁵¹ Pandan nou bese tèt nou, m pral mande pastè a isi a pou l avanse, si li vle, pou l fini. Bondye beni nou kounye a, avèk tèt nou ak kè nou bese devan Bondye.



VWA SÏY LAN CRE64-0321E
(The Voice Of The Sign)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on samdi swa, 21 mas 1964, nan Denham Springs High School nan Denham Springs, Louisiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org